Адыгэ макъ

№ 47 (19561)

2010-рэ илъэс

МЭФЭКУ

ГЪЭТХАПЭМ И 18

ОСЭ ГЪЭНЭФАГЪЭ ИІЭП

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэмрэ и Правительствэрэ ягъэзет

# Сергей СТЕПАШИН: «Кризисым пэшІуекІорэ программэу АДЫГЕИМ щаштагъэр икъоу ыкІи федэ къытэу агъэцэкІагъ»

УФ-м и УплъэкІу-лъытэкІо палатэ, УФ-м иуплъэкІу-лъытэкІо органхэм я Ассоциацие я Тхьаматэу Сергей Степашиныр зипэщэ куп тыгъуасэ Адыгеим къэкІуагъ. ХьакІэхэм Краснодар иаэропорт щапэгъокІыгъэх АР-м и Президентэу ТхьакІущынэ Аслъан, Премьер-министрэу КъумпІыл Мурат, министрэхэм я Кабинет хэтхэр. ШІуфэс сэлам зызэрахыхэм ыуж Сергей Степашиныр республикэм къэкІоным ушъхьагъу шъхьаІэу фэхъугъэм кІэкІэу къытегущыІагъ. Ащ къызэриІуагъэмкІэ, УплъэкІу-лъытэкІо палатэм уплъэкІунхэр зыщызэхищэгъэ субъектым кІэуххэри щызэфахьысыжьых. Ары Адыгеими къэкІонхэу зыкІэхъугъэр. Ащ нэмыкІэу, кризисым пэшІуекІорэ программэр гъэцэкІагъэ зэрэхъугъэм, Шъачэ щыкІощт Олимпиадэм пае къушъхьэ-лыжэ спортым зызщыфагъэхьазырыщт базэр Адыгеим щыгъэуцугъэным, нэмыкІхэми атегущыІэщтых.

Адыгеим хьакІэхэри бысымхэри къызэсыжьыхэм Президентым дэжь зэІукІэгъу кІэкІ щыряІагъ. Нэужым уплъэкІунхэм якІэуххэр зыщызэфахьысыжьыгъэ, кризисым пэшІуекІорэ программэр гъэцэкІагъэ зэрэхъугъэм, нэмыкІхэм зыщатегущыІэгъэхэ зэхэсыгъо яІагъ. Ащ АР-м иминистрэхэм я Кабинет хэтхэр, суд ыкІи правэухъумэкІо орган зэфэшъхьафхэм япащэхэр хэлэжьагъэх.

АР-м и Президент пстэумэ апэу республикэм иэкономикэ изытет, отраслэ зэфэшъхьафхэмкІэ хэхъоныгъэу ышІыгъэхэм, кризисым пэшІуекІорэ программэм игъэцэкІэн зэрэдэлэжьагъэхэм кІэкІэу къатегущыІагъ. Кризисым иапэрэ мазэхэм Іоф ышІэным ыныбжь нэсыгъэу республикэм исым ипроценти 4,4-м ІофшІапІэ ямыІэу къэнэгъагъ. Программэм къыдилъытэрэ пстэури зэрагъэцэкІагъэм ишІуагъэкІэ, 2009-рэ илъэсым ыкІэхэм яхъулІэу а пчъагъэр 2,5-м къагъэсыгъ. ПстэумкІи ащ сомэ миллиони 124-рэ пэІухьагъ. Кризисым икъиныгъохэр зэпачых нахь мышІэми, социальнэ Іофхэм апэІуагъэхьанэу агъэнэфагъэм къыщагъэкІагъэп, ЦІыфхэм псэукІэ амалэу яІэр къемыІыхыным ыуж итыгъэх. Ахэр ТхьакІущынэ Аслъан ипсалъэ къыщыхигъэщыгъэх. Экономикэм изытет къытегущыІэзэ, Адыгеим лэжьапкІэмкІэ чІыфэ зэрэтемылъыр, аужырэ илъэситІум мэкъумэщ комплексым хэхъоныгъэ инхэр зэришІыгъэхэр, лэжьыгъэ бэгъуагъэ губгъохэм къазэрарахыжьыгъэр, мы отраслэм щылэжьэрэ хьызмэтшІапІэхэм субсидиеу сомэ миллион 336,3-рэ пстэумкІи зэраратыгъэр анахь шъхьаІэу зигугъу къышІыгъэхэм ащыщ.

— Республикэм иэкономикэ хэхъоныгъэу ышІырэм къыщымыкІэным, цІыфхэм ящыІакІэ нахьышІу шІыгъэным Адыгеим игъэцэкІэкІо хабзэ тапэкІи зэрэдэлэжьэщтым щэч хэлъэп, — къыщиІуагъ ащ ипсалъэ икІэухым.

Кризисым пэшІуекІорэ программэу Адыгеим щаштагъэр блэкІыгъэ 2009-рэ илъэсым икъоу ыкІи федэ къытэу зэрагъэцэкІагъэр Сергей Степашиным къыхигъэщыгъ. Предприятиеу республикэм итхэм ащыщ зыпари къызэрэзэтемыуцуагъэр ар къэзыушыхьатыхэрэм зэу ащыщэу ылъытагъ. УплъэкІу-лъытэкІо палатэм уплъэкІунэу республикэм щызэхищэгъагъэхэр къызэфихьысыжьхэзэ, узыгъэгумэкІын хэукъоныгъэ къызэрэхамыгъэщыгъэр къыІуагъ.

— Мылъкур зищыкІагъэм пэІуамыгъэхьагъэу е федэ хэмылъхьын Іоф горэм тырагъэкІодагъэу къычІэщыгъэпышъ, ащ сигуапэу зэкІэри щысэгъэгъуазэ, — къыхигъэщыгъ Сергей Степашиным.

Къушъхьэ-лыжэ спортым зызщыфагъэхьазырыщт базэм фэгъэхьыгъэу къызэгущыІэм, лъэныкъо пстэумкІи Адыгеир ар щыгъэпсыгъэным фэхьазырэу зэрилъытэрэр, Москва зигъэзэжьыкІэ, ар къэралыгъом ипащэхэм зэралъигъэІэсыщтыр къыІуагъ.

Зэхэсыгъом икІэухым «За укрепление финансового контроля» зыфиІорэ медалэу ТхьакІущынэ Аслъан къыфагъэшъошагъэмрэ ар къэзыушыхьатырэ тхылъымрэ УплъэкІу-лъытэкІо палатэм ипащэ къыритыжьыгъэх.

* * *

Мы мэфэ дэдэм ТхьакІущынэ Аслъанрэ Сергей Степашинымрэ Мыекъопэ районым ит туристическэ базэу «Азиш-Тау» зыфиІорэм щыІагъэх. Ахэм ягъусагъэх АР-м и Премьер-министрэу КъумпІыл Мурат, федеральнэ инспектор шъхьаІэу ЛІыІужъу Адам, АР-м и Президентрэ министрэхэм я Кабинетрэ я Администрацие ипащэу Александр Пиценкэр, муниципальнэ образованиеу «Мыекъопэ районым» иадминистрацие ипащэу Евгений Ковалевыр, нэмыкІхэри.

ЫпэкІэ зигугъу къэтшІыгъэ къушъхьэ-лыжэ спортым зызщыфагъэхьазырыщт базэ гъэпсыгъэным пае непэ Адыгеим амалэу иІэхэм Москва къикІыгъэ хьакІэхэм защагъэгъозагъ, къушъхьэм дэкІоягъэх.

Республикэм иэкономикэ хэхъоныгъэхэр ышІынхэмкІэ амалышІу къэзытырэ туристическэ отраслэм зегъэушъомбгъугъэныр пшъэрылъ шъхьаІэхэм зэращыщыр ыкІи спортсменхэм зызщагъэсэщт базэ Адыгеим къыщызэІухыгъэным пае федеральнэ гупчэм пчъагъэрэ зызэрэфагъэзагъэр АР-м и Президент къыІуагъ. СССР-м илъэхъан къушъхьэлыжэ спортым пылъхэм тиреспубликэ зызэрэщагъэсэщтыгъэр зэтегъэуцожьыгъэмэ ишІогъэшхо къызэрэкІощтым игугъу къышІыгъ.

Ылъэгъугъэм лъэшэу зэригъэрэзагъэр С.Степашиным къыхигъэщызэ, къушъхьэ-лыжэ спортымкІэ базэр Мыекъопэ районым щышІыгъэным ипроект дырегъэштагъ. Адыгеим ичІыопс зэрэдахэр ыкІи регионым зэрэщырэхьатыр къыдэплъытэмэ, УФ-м икъушъхьэ-лыжэ спорт игупчэ шъхьаІэу республикэр хъун зэрилъэкІыщтыри къыхигъэщыгъ.

Зигугъу къэтшІыгъэ проектыр щыІэнигъэм щыпхырыщыгъэным пае, Москва зыкІожькІэ, УФ-м и Правительствэ ипащэу Владимир Путиныр ащ зэрэщигъэгъозэщтыр Сергей Степашиным къыІуагъ.

Сергей Степашиныр Адыгеим зэрэщыІагъэм фэгъэхьыгъэ игъэкІотыгъэ тхыгъэ неущырэ номерым къихьащт.

*ХЪУТ Нэфсэт.*

*ТХЬАРКЪОХЪО Адам.*

СУРЭТХЭМРЭ ЛЪЭХЪАНЫМРЭ

# Къушъхьэхэм, псыхъохэм «уадэгущыІэ»

**Адыгеим икъушъхьэхэм, ипсыхъо чъэрхэм, изыгъэпсэфыпІэхэм ядэхагъэрэ ябаиныгъэрэ къыІуатэхэ шІоигъоу Сергей Трепет сурэтэу тырихыгъэхэр АР-м и Лъэпкъ музей къыщегъэлъагъох. Кавказ къэралыгъо чІыопс биосфернэ заповедникым инаучнэ ІофышІэ шъхьаІэу ар щыт.**

Сурэтхэм якъэгъэлъэгъон фэгъэхьыгъэ зэхахьэр АР-м и Лъэпкъ музей чІыопсымкІэ иотдел ипащэу Дэулэт Зотовым зэрищагъ. ТикъушъхьэхэуФыщт, Лэгъо-Накъэ, ТІыбгэ, нэмыкІхэри Адыгеим хьакІэу къакІохэрэм ашІогъэшІэгъоных. Шъхьэгуащэ ыкІуачІэ, псынэкІэчъхэмрэ псыкъефэххэмрэ яхьылІэгъэ къэбархэм нэгум къыкІагъэуцорэр макІэп.

Ижъырэ лъэхъаным къыщыублагъэу адыгэмэ пхъэшъхьэмышъхьэ чъыгхэр къызэрагъэкІыщтыгъэр, илъэс 200 зыныбжь чъыгхэм ятеплъэ шъо зэфэшъхьафхэкІэ сурэтхэм къаІуатэ. 2014-рэ илъэсым Олимпиадэ джэгунхэр Шъачэ щыкІощтых. Адыгеим ичІыпІэ дахэхэр спортсменхэм, хьакІэхэм ягъэлъэгъугъэнхэм фэшІ джырэ уахътэ пропагандэ Іофыгъохэр игъэкІотыгъэу зэхэщэгъэнхэ фае. Сергей Трепет исурэтхэм псэ апытэу, къыбдэгущыІэхэуи къызыщыогъэхъу тичІыгу, Олимпиадэ джэгунхэм тягупшысэ зыхъукІэ.

Дэулэт Зотовым зэрэхигъэунэфыкІыгъэу, тичІыопс идэхагъэ дунаим нахьышІоу щашІэнымкІэ сурэтхэр тезыххэрэм, сурэтышІхэм, шІэныгъэлэжьхэм, туризмэм пыщагъэхэм бэкІэ тащэгугъы.

*САХЬИДЭКЪО Нурбый.*

Сурэтым итыр: **Дэулэт Зотовыр сурэтхэм къатегущыІэ.**



# Лъэхъаным ищIыф гъэшIуагъ

Хэгъэгу гупчэм унэ дахэ дэмыты хъуна, бэ ащ фэдэр. Мыдрэр къахэщы пIонэу щытэп — анахь лъагэп, ямышIыкIэу гъэкIэрэкIагъэп, ауми пчыхьэ зэрэхъоу, иостыгъэхэр зэкIэ зыхагъанэхэкIэ, ямышIыкIэу зы нэфынэ горэ, псэ пытым, джыдэдэм къыбдэгущыIэнэу хьазырым фэдэу къытырехы. Хабзэу тетыгъэм илъэхъан «Ленинкэр» цIэу иIагъ, джы — Урысыем и Хэгъэгу библиотек, тхылъ IыгъыпI, тхылъ еджапI! Джы къызынэсыгъэми, «Ленинкэр» пIомэ, къыгурымыIонэу хэгъэгум бащэп исыр, кандидатэу е доктор хъугъэу ащ чIэмыхьагъэу, щымытхагъэу, щемыджагъэу тикъэралыгъо бэп къибгъотэщтыр. Илъэс 20 — 25-рэ (нахьыбэуи аIо), зы мафэ химынэу, Ленинкэм кIозэ Iоф щызышIагъэр макIэп — дунаим тхылъ IыгъыпIэу тетхэм анахь инхэм ащыщ. Сэри илъэс заулэ ащ сыкIонэу хъугъэ, умыкIомэ, уемыджэшъоу, Iоф умышIэшъоу уесэ.

ТIэкIу сыгужъуагъэу, щэджагъом уахътэр енэцIы хъугъэу, мрамор дэкIоепIэ шъуамбгъомкIэ ятIонэрэ этажым сыдэкIуаезэ, зыгорэ къысэджагъ. Зысплъыхьэмэ, сэлъэгъу, профессорэу Къуныжъ Мыхьамэт кIалэ горэм игъусэу мэгущыIэ. «Мо къакIо зэ! — еIо Мыхьамэт. — Мыр Хъопсэрыкъо Хъызыр ары, адыгэ кIал, Щэрджэсым къекIы, Хьабэз къуаджэм щыщ». Хъызыр иIофшIагъэхэмкIэ сшIэу щытыгъ, ау тызэнэIосагъэп: Мыхьамэт нахьи нахь лъэпэлъагэу къыпщэхъу, тхьоплъ пIонэу щытэп, нэфынэгъэ-фыжьыгъэ горэм хэтым фэд, щхыпцIы зыхъукIэ, ынэхэр зэфэшIыгъапэм фэдэу бгъузэу, нэфыр къакIихэу, хьалэлэу къыоплъых.

Джаущтэу Хъопсэрыкъо Хъызырэ нэIуасэ сыфэхъугъэу щыт, зысшIэрэр илъэс 40 фэдиз мэхъушъ, ихьалэлыгъэ-Iушыгъэрэ ицIыфыгъэ-дэхагъэрэ ахахьозэ къехьы. Ащыгъум кандидатыгъ, Дунэе литературэм и Институтэу Москва дэтым иIофышIагъ, докторскэ диссертацием ыгъэхьазырыщтыгъ.

ИшIуагъэ къысэкIэу мымакIэу къыхэкIыгъ, упчIэ сиIэмэ, джэуап къыситэу, ытхыхэрэм салъыплъэу. Хъызырэ литературэкIэ тызаджэрэм хэшIыкI ин фыриI — иакъыл-шIэныгъэкIи куоу къеубыты, тегущыIэн хъумэ, гущыIэм лъыхъужьэу, ыIэпэ-цыпэхэм гупшысэр ачIигъэпшэу щытэп. IофшIэным, тхэным къин апызылъагъозэ, лъыпсырэ пкIэнтIэпс жъуагъэрэкIэ тхэрэмэ ащыщэп. Ащ къикIырэп ытхырэм емыгугъоу, гупшысэмрэ псалъэмрэ зэзэгъыпIэ зэдагъотыным пымылъэу: ытхыгъэр бэ, зыхэр литературэм ехьылIагъэх (ахэр зы тхылъэп, тхылъитIоп), адрэхэр романых, повестых, рассказых, ахэри тхылъыбэ мэхъух, къыгъэшIагъэм апшъэрэ еджапIэм щырегъаджэх, шIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, доктор пчъагъэ ыгъэхьазырыгъ. А лъэныкъомкIэ сэри ишIуагъэ къысигъэкIэу хъугъэшъ, тхьаегъэпсэу, Тхьэм бэгъашIэ ешI. Непэ илъэс 80 ыныбжь хъугъэшъ, сырыразэу сыфэлъаIо.

ШIэныгъэлэжь лъэныкъомкIэ Хъопсэрыкъо Хъызырэ ытхыхэрэм хэбзэ гъэнэфагъэ яI. ШIэныгъэ зэIэкIэлъ, шIэныгъэ куур къахэщы: зытегущыIэрэм (произведение хэхыгъэ закъоу щэрэт е Iофыгъошхо горэм ехьылIэгъэ тхыгъэу орэхъу) лъапсэу, къежьапIэу иIэр, а лъапсэм зиубгъузэ, хахъо зэришIырэр, ащ къынэужым Iофыгъоу къыхихыгъэм кIэухэу фэхъурэр. Сыд фэдэрэ Iоф тегущыIагъэми, ар шIоцIыкIоп, ащ епхыгъэ лъэныкъохэм ябгъукIорэп, плъэгъурэ ыкIи умылъэгъурэ хабзэу хэлъхэр зэфихьысхэмэ, ахэм зэпхыкIэу яIэр къыушъхьафызэ, джэнджэш зыхэмылъ кIэух гупшысэр IупкIэу, гурыIогъошIоу къеты. Апэрэ тхылъэу Хъопсэрыкъо Хъызырэ ытхыгъэхэм ащыщ адыгэ литературэхэм яхэхъуакIэхэм яхьылIагъэр («Пути развития адыгских литератур», 1968). Акъыл куу зыдэзымыIыгъ хэгъэгу IофышIэхэу, гупшысэ уплъэкIугъэм — щэчыгъэм рыпсэунхэр зимыамалхэм е ар зимыIашэхэм апкъ къикIэу, зэу щытыгъэ адыгэ шъолъырыр лъэныкъуищэу агощыгъ:



ичIыгу рафи дунаим икъопэ пстэуми ащыпсэоу адыгэхэр зэрэхъугъэхэр рамыгъэкъоу, къэнэжьыгъэ тIэкIури щэу зэтыраутыгъэ — къэбэртаехэр (Налщык), щэрджэсхэр (Щэрджэскъал), кIахэм щыIэ адыгэхэр (Мыекъуапэ).

ЛъэпкъымкIэ узэу, ау хэбзэ гъэпсыкIэ IофкIэ зэпэIапчъэ узашIыкIэ, уигущыIакIи, уикультури, уилитератури зэфэдэу бэу ахэтыми, шъхьадж зы шъхьафыгъэ горэхэр иIэу къэнэжьы. Джащ фэд адыгэ литературэхэр (къэбэртаер, щэрджэсыр, кIэхэ адыгэр): зэпэблагъэу ахэлъыр нахьыб, зэрэзэпэчыжьэхэм нахьи. Ар аукъодыеу хъугъэп. А лъэныкъор къыдилъытэзэ, Хъопсэрыкъо Хъызырэ адыгэ литературэхэм къарыкIуагъэр куоу ыкIи губзыгъагъэ хэлъэу къеIуатэ.

ШIэныгъэм хабзэу фэхъугъэр, литературэм ылъэныкъокIэ пштэмэ, ар жэрыIо усэным къыпкъырыкIыгъэу ары. Шъыпкъэ а гупшысэр. Совет хабзэр къызэрэдахыгъэм лъыпытэу тхэн Iофыри, литературэ Iофыри тиIэхэу ашIыгъэу типэщагъэхэм бэрэ кIагъэтхъызэ, илъэсипшIыхэр блэкIыгъэх. Ащ шъыпкъэ горэ хэмылъэу щытэп — лъэпкъ цIыкIухэм абзэкIэ хэбзакIэм игупшысэхэр пхырыпщынхэшъ, щыIэныгъэм щыбгъэуцуныр хэкIыпIэ хъопсапIэу щытыгъ: 1917-рэ илъэсым лъэпкъ мыинхэм зыпари ямыIэгъахэу зыфэпIон гупшыс ащ кIоцIылъыгъэр.

Хъопсэрыкъом а лъэныкъом гъусэгъу зыщыдишIырэ горэ къыхахьэми, игупшысэ шъхьаIэ зыфэлажьэрэр нэфэшъхьаф: адыгэхэм культурэ ин (илъэс минхэр анныбжьэу), жэрыIо усэн игъэкIотыгъэу, дунэе мэхьанэ фэбгъэшъошэн плъэкIынэу яIагъэх — «Нартхэм» язакъоми. Джы непэрэ лъэхъаным (блэкIыгъэ лIэшIэгъур, джы тызыхэтыр) тиIэ литературэм лъэпсэшхо зэригъотыгъэр, къэуушыхьатыжьынэу щымытэу, ащкIэ нэрылъэгъу. Хъопсэрыкъом дунэе литературэм, урыс литературэм гъэхъагъэу яIэхэм къапкъырыкIызэ, 1917-м ыпэкIэ адыгэ лъэпкъым урысыбзэкIэ тхыгъэу литературэ гъунэпкъэ дэхэкIаехэр ыгъотыгъэхэу зэрилэжьыгъагъэр кIегъэтхъы. Большевикхэм Iумэт шъыпкъэ зафэзышIыгъэ лъэпкъ тхакIохэм а гупшысэр лакъырд зышIыхэрэр ахэтыгъэх: «Хъан-Джэрые игугъу пшIы хъуна, ар къумалыгъ, пачъыхьэм фэлэжьагъ щэIэфэ». Ащ фэдэ шIошI пхэнджхэр а лъэхъаным щыбгъэзыеныр мыIэрыфэгъу дэдэу щытми, урысыбзэкIэ тхэгъэ адыгэ тхакIохэм лъэпкъым Iофэу фашIагъэр шIэныгъэлэжьым къыхегъэщы.

Ащ изакъоп Хъопсэрыкъом итхылъ Iофэу къыщиIэтырэр — я 20 — 30-рэ илъэсхэм лъэпкъ литературэр ылъэ теуцоу зыщэт лъэхъаным бэ ар зэутэлIэн фаеу хъугъэр: литературэр зыфэлажьэрэр зыфэдэ цIыфыр, ар къызыщылъэгъорэ чIыпIэ гъэунэфыпIэхэр, тхакIо пэпчъ итхэн шIыкIэ-гъэпсыкIэ зэрэуцугъэр, тхэхэрэр зэрэтхэрэ щыIэкIэ-дунэелъэгъу шъуашэхэр («метод», «мировоззрение» зыфаIохэрэр) зыфэдагъэхэр, ахэр лъэпкъ литературэм зэрэщыуцугъэхэр.

ТхакIэхэри, узэрэгурышэн фэе дунэе лъэгъукIэхэри псынкIэ дэдэу лъэпсэ пытэм еуцолIагъэхэу ары а лъэхъаным шIэныгъэлэжьыным щыпэрыт шIошIхэм гупшысэ шъхьаIэу аубытыгъагъэр. Хъопсэрыкъом а Iофыгъохэм къежьапIэу яIэр зыфэдэр, адыгэ литературэхэм ащ федэу е федэнчъэу хахыхэрэр къызыпкъырыкIыхэрэр, щысэхэр икъоу уплъэкIугъэу ыштэхэзэ, къызэIуехых.

Адыгэ лъэпкъым илитературэ лъэхъаныкIэм зыхэхьэм, ащ лъэпсэ пытэ езыгъэгъотыгъэр лъэпкъым игурышэ баиныгъэрэ ишэн-хэбзэ шIыкIэхэр икъу фэдизэу къызэригъэлъэгъуагъэмрэ ары, а лъэныкъор нахь игъэкIотыгъэу тхакIохэм къагъэлъэгъон алъэкIыгъ.

А лъэныкъор ары къызыпкъырыкIыгъэр пшIэжьэу лъэпкъ литературэ тиIэ зэрэхъугъэр. Хъопсэрыкъо Хъызырэ адыгэ литературэм иIофыгъохэм игъэкIотыгъэу къатегущыIэми, щыгъупшэрэп литературэр щыIэ зэрэхъугъэм тхакIо пэпчъ Iофэу хишIыхьагъэр зыфэдэр: зэфэхьысыжь текстым дэгъоу иплъэгъукIэу къыхэщых ШэуджэнцIыкIу Алый, КIэрэщэ Тембот, Бэчмыз ПакIэр, КIышъэкъо Алим, Теунэ Хьачим, Охъутэ Абдулахь, Хьаткъо Ахьмэд, Цэй Ибрахьим, ШэуджэнцIыкIу Адэм, Еутых Аскэр, КIуашъ БетIал, ахэм къакIэлъыкIогъэ тхэкIо ныбжьыкIэхэр. Уахътэм къыгъэуцугъэ Iофыгъо инхэм тхакIохэр зэрадэлэжьэрэ екIолIапIэхэр, ахэр зыщызэфэдэхэр, зыщызэтекIыхэрэр кIэух гупшысэхэм арипхыхэзэ, хэзыгъи, чIэукъощэгъэ-гъэбылъыгъи фимышIэу Хъопсэрыкъо Хъызырэ къегъэлъагъох.

Джыри зы Iофыгъо ин тхылъэу зигугъу къэтшIыгъэм («Пути развития адыгских литератур») ипчэгу ригъэуцуагъ шIэныгъэлэжьым: жанрэхэм якъэхъукI, яхэхъуакI, лъэпкъ шъуашэу агъотырэр зыфэдэр, ар къыздикIырэр — романыр, повестыр, рассказыр, очеркыр, поэмэр, усэр, драмэр, ахэм зэпхыпIэу, зэхэкIыпIэу афэхъухэрэр зэпхыгъэ гупшысэр, дунэе литературэм къызэпичыгъэ тарихъымрэ теорием ылъэныкъокIэ ащ ылэжьыгъэмрэ зэрахэуцуагъэхэр. Гупшысэм шъхьафитыныгъэ лъапсэрэ тамэрэ фишIызэ, Хъопсэрыкъор а Iофыгъохэу къызэрыкIоу щымытхэм къатегущыIэ.

Ащ ыуж тхылъ пчъагъэ ытхыгъ: «История черкесской литературы», «О национальном своеобразии адыгских литератур», «Отражение дружбы черкесского и русского народов в художественной литературе». Ытхыгъэр бэ, ащ уеплъэу уасэ фэпшIынэу щытэп, ар лъэгъупIэ дэеу щытэп, ау ытхыгъэм мэхьанэу кIоцIылъыр ары зэкIэ зэлъытыгъэр. Тхылъ гъэшIэгъон «Истоки черкесской литературы» зыфиIорэр: жэрыIо усэныр, адрэ литературэ инхэм ятрадициехэр арых якъежьапIэхэр. Ар шъыпкъэу ыштэзэ, Хъопсэрыкъом ыIорэр ежь лъэпкъым ишэнкIи, ипсихологиекIи, дунаеу зытетым щиштэрэщимыштэрэмкIи, хабзэу ахэлъым къыпкъырыкIызэ, еджэрэм е едэIурэм гурыIонэу етхы. Сыд фэдэ литературэ ехьылIагъэу ытхыгъэми, Хъопсэрыкъо Хъызырэ зыгъэгумэкIырэр щыIэныгъэ шъыпкъэр, щыIэныгъэ хьылъэр литературэм къызэригъэлъагъорэр ары. Литературэм, искусствэм цIыфыр къаухъумэныр япшъэрылъ, ахэм ар амыгъэцакIэрэмэ, литературэри, адрэ искусствэхэри зыуасэ щыIэп — джары Хъопсэрыкъо Хъызырэ игупшысэ шъхьаIэр.

Ар пхырымыщыгъэу зы тхылъ ытхыгъэп ащ: апэ ытхыгъэхэри, джы непэ къыдигъэкIыхэрэри. Аужырэ илъэсхэм Хъызырэ Москва къыщыдигъэкIыгъэх: «Восхождение. Творческий путь Алима Кешокова» (2002), «Жизнь и литература» (2002). Ахэм къаушыхьаты литературэм иIофыгъо инхэм атегущыIэныр Хъопсэрыкъо Хъызырэ зэриамалыр. КIышъэкъо Алим ытхыгъэхэм щыIэныгъэ кIочIэ инэу ахэлъыр къызэIуихызэ, шIэныгъэлэжьым IупкIэу къеIуатэ тхэкIошхоу адыгэ лъэпкъым къыхэкIыгъэм дунэе литературэм гъогу шIагъо зэрэхищыгъэр. КIышъэкъом ыпшъэ ифагъэр макIэп: мы хэгъэгушхоу тызыщыпсэурэм лъэпкъ литературабэ иIэшъ (урыс литературэри зэрахэтэу), ащ иапшъэрэ жанрэу «роман» зыфаIорэм игъэхъагъэхэм икъу фэдизэу уатегущыIэнэу амал иIэп КIышъэкъом ироманхэр IэкIыб пшIымэ. Ащ фэдэкъабз поэзиер (усэн Iофыр) пштагъэми — КIышъэкъо Алим иусэ макъэ щызэхамыхыгъэу хэгъэгу щыIэп. Литературэм инэмыкIырэ лъэныкъохэми адыгэ тхэкIошхом ащигъэхъагъэр макIэп.

Тхылъыр зэрэпсаоу (нэкIубгъо 301-рэ мэхъу) КIышъэкъом фэгъэхьыгъ шъхьае, адыгэ лъэпкъым игурышэ лэжьыгъэ, ишэн-зэхэтыкIэ, игупшысакIэ, итарихъ, инеущ зэгъэуIугъэу, непэрэ мафэм итхагъэу тхакIом къызэригъэлъагъорэр Хъопсэрыкъом, IэпэIэсэныгъэшхо хилъхьэзэ, къегъэунэфы.

ШIэныгъэлэжьхэм атхырэм уеджэныр зэщыгъо хьазырэу бэрэ къыхэкIы — терминхэр хъоеу хэдзагъэу, бзэр, цыджыгъэ щыхьагъэм фэдэу, мызэу, мытIоу зэкIоцIыщыхьагъэу. Хъопсэрыкъом ытхырэм (орэадыгабз, орэурысыбз — тIуми шъхьафитэу арэпсэу) уеджэ зыхъурэм угукIэ уегъатхъэ, акъыли хэохы. Ащ къикIырэп Iофэу зытегущыIэрэр ыгъэцIыкIоу, хъэтэпэмыхь ышIэу, аужыпкъэм, литературэм итеорие фэгъэхьыгъэ текстым а бзэ къабзэр, тхылъыбзэ дахэр ащыгъэфедагъ, ащышъхьафит — зытегущыIэрэр дэгъоу ешIэшъ ары, ытхырэр зыфитхырэм гуригъэIонэу фаешъ ары.

Нэпкъым тетыр къошъофыкIэ Iаз — а гущыIэжъыр критикхэм афэгъэхьыгъэу аIоу бэрэ къыхэкIы: тхакIом гъэсэпэтхыдэ укъыфеджэныр нахь псынкIэнкIи мэхъу утIысынышъ, роман дэгъу птхыным нахьи. Ащ фэдэ зэнэкъокъум къикIыгъэ лъагъоп Хъопсэрыкъо Хъызырэ прозэ гъэшIэгъон ытхыным фэзыщагъэр. Ащ ытхыгъэх «Къушъхьэ чэщ» (повесть), «Ошъуапщэ» зыцIэ романыр, рассказхэмрэ повестхэмрэ дэтэу тхылъ («ЧIылъэ уж»), нэмыкIхэри. Хъызырэ дэгъоу къешIэжьы зэо лъэхъаныр, зэоуж илъэс къинхэр. Ипрозэ джары зыфэгъэхьыгъагъэр. ЦIыф гъэшIэгъоных итхылъхэм ахэтхэр, щыIэныгъэ гъогу хьылъэм пхырыщыгъэх, цIыфыгъэ дахэм фэбанэх, шIур ягунэс, мыхъуныр щагъэзые. Зэо илъэсхэр, зэоуж лъэхъаныр псынкIэ Iофэу зэшIуахырэмэ ащыщхэп. Нахьыпэм тилитературэ ащ фэдэ шэнхэр хэлъыгъэх — заом кIоным зыныбжь нэмысыгъэ кIэлакIэхэм мыхъэр агъахъэу, пыеу къэкIуагъэм зи къащымыхъоу ебэнхэу. Къуаджэм къыдэнэгъэ цIыфыбэмэ лIыгъэшхо къахэфагъ, пыим рэхьатныгъэ ратыгъэп, ау ар IэшIэхэу, псынкIэ Iофэу щытыгъэп. Зэоуж илъэсхэм цIыфмэ къинэу ащэчыгъэр пщынэо-пхъэкIыч макъэкIэ огъэкIэракIэкIэ, ар нахь псынкIэ хъурэп. Хъопсэрыкъо Хъызырэ зыфэтхэрэ цIыфхэм хьылъэшхор акIыб илъэу къахьыгъ, насыпышIохэмэ, зыгъэнасыпышIохэрэр лIыгъэрэ щэIагъэрэ ахэлъэу а къинхэр зэпачын зэралъэкIыгъэр ары. Хъызырэ ипрозэ щыIэныгъэм ишъыпкъэ инхэр лъапсэ фишIыгъэх.

Iофышху Хъопсэрыкъо Хъызырэ зэрихьэрэр — шIэныгъэлэжь, тхакIо, лъэпкъым игъэкIотыгъэу фэлажьэ: илъэсыбэрэ кIалэхэр ригъэджагъэх, профессор, шIэныгъэлэжьыным пылъ институтым итхьамэтагъ, джы Дунэе Адыгэ Хасэм иIэшъхьэтет, «Черкесский мир» зыфиIорэ журналым иредактор шъхьаI, тхылъ тедзапIэу «Эльбрус-2» зыцIэм идиректор, Урысые Федерацием ишIэныгъэлэжь, «Адыгеим и Щытхъузехь» зыфиIорэ медалыр къыфагъэшъошагъ, ащ нэмыкIэу «За заслуги перед Отечеством» зыфиIорэ орденэу яплIэнэрэ лъэгапIэ зиIэр къыратыгъ — бэ, бэ Iофэу зэрихьэрэр, щытхъоу пылъыр. Ахэм зэкIэми IофшIэгъэшхохэр ягъусэх; арышъ, къыратыгъэр зэкIэ фэшъуаш, къылэжьыгъ...

Илъэс 80 хъугъэми пшIэнэп — ыкIуачIэ из, ылъэ пытэу тет, иакъыл чан, «сыпшъыгъ» ымыIоу Iоф ешIэ. Хьабэз къуаджэм унэшхо щишIыгъэу щэпсэу. Хъызырэ зышIэу шIу зымылъэгъурэ сыIукIагъэп. Ари насып екъуба, ари къэблэжьын фаеба!

*ЩЭШIЭ Казбек.*

# Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет иунашъу

## Участкэ врач-терапевтхэм, участкэ врач-педиатрхэм, унэгъо врачхэм, участкэ врач-терапевтхэм, участкэ врач-педиатрхэм, унэгъо врачхэм ямедсестрахэм медицинэ ІэпыІэгъу тедзэ цІыфхэм зэрарагъэгъотырэм фэшІ 2010-рэ илъэсым ахэм ахъщэ зэраратыщт шІыкІэм ехьылІагъ

Урысые Федерацием и Правительствэ 2009-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 29-м ышІыгъэ унашъоу N 1110-р зытетэу «Участкэ врач-терапевтхэм, участкэ врач-педиатрхэм, унэгъо врачхэм, участкэ врач-терапевтхэм, участкэ врач-педиатрхэм, унэгъо врачхэм ямедсестрахэм медицинэ ІэпыІэгъу тедзэ цІыфхэм зэрарагъэгъотырэм пэІуагъэхьанэу федеральнэ бюджетым исубсидиехэр Урысые Федерацием исубъектхэм ябюджетхэм 2010-рэ илъэсым зэраІэкІагъахьэрэ шІыкІэм ехьылІагъ» зыфиІорэм диштэу Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет **унашъо ышІыгъ:**

1. Участкэ врач-терапевтхэм, участкэ врач-педиатрхэм, унэгъо врачхэм, участкэ врач-терапевтхэм, участкэ врач-педиатрхэм, унэгъо врачхэм ямедсестрахэм медицинэ ІэпыІэгъу тедзэ цІыфхэм зэрарагъэгъотырэм фэшІ 2010-рэ илъэсым ахэм ахъщэ зэраратыщт шІыкІэр гуадзэм диштэу ухэсыгъэнэу.

2. Участкэ врач-терапевтхэм, участкэ врач-педиатрхэм, унэгъо врачхэм, участкэ врач-терапевтхэм, участкэ врач-педиатрхэм, унэгъо врачхэм ямедсестрахэм медицинэ ІэпыІэгъу тедзэ цІыфхэм зэрарагъэгъотырэм тефэрэ мылъкур Адыгэ Республикэм псаунығъэр къэухъумэгъэнымкІэ и Министерствэрэ Адыгэ Республикэм финансхэмкІэ и Министерствэрэ федеральнэ бюджетым къыхагъэкІызэ ашІынэу, бюджет законодательствэм къызэрэщыдэлъытэгъэ шІыкІэм диштэу, зичэзыу финанс илъэсымкІэ ыкІи план пІалъэмкІэ Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет мы гухэлъхэм апае къыщыдэлъытэгъэ мылъкур ащкІэ къызфагъэфедэнэу.

3. Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет 2009-рэ илъэсым гъэтхапэм и 12-м ышІыгъэ унашъоу N 42-р зытетэу «Участкэ врач-терапевтхэм, участкэ врач-педиатрхэм, унэгъо врачхэм, участкэ врач-терапевтхэм, участкэ врач-педиатрхэм, унэгъо врачхэм ямедсестрахэм медицинэ ІэпыІэгъу тедзэ цІыфхэм зэрарагъэгъотырэм фэшІ ахъщэ зэраІэкІагъэхьащт шІыкІэм ехьылІагъ» зыфиІорэм (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2009, N 3) кІуачІэ имыІэжьэу лъытэгъэнэу.

4. Официальнэу къызыхаутырэ мафэм щегъэжьагъэу мы унашъом кІуачІэ иІэ мэхъу ыкІи правэм ылъэныкъокІэ зэфыщытыкІэхэу 2010-рэ илъэсым щылэ мазэм и 1-м щегъэжьагъэу азыфагу илъ хъугъэхэм алъэІэсы.

**Адыгэ Республикэм и Премьер-министрэу**
**КЪУМПІЫЛ Мурат**

къ. Мыекъуапэ,
мэзаем и 4, 2010-рэ илъэс
N 20

*Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет 2010-рэ илъэсым мэзаем и 4-м ышІыгъэ унашъоу N 20-р зытетым игуадз*

## Участкэ врач-терапевтхэм, участкэ врач-педиатрхэм, унэгъо врачхэм, участкэ врач-терапевтхэм, участкэ врач-педиатрхэм, унэгъо врачхэм ямедсестрахэм медицинэ ІэпыІэгъу тедзэ цІыфхэм зэрарагъэгъотырэм фэшІ 2010-рэ илъэсым ахэм ахъщэ зэраратыщт шІыкІэмрэ ащкІэ шапхъэу щыІэхэмрэ

1. Муниципальнэ образованиехэм яучреждениехэу псаунығъэм икъэухъумэн фэгъэзагъэхэу пэублэ медикэ-санитар ІэпыІэгъу языгъэгъотыхэрэм (ыужкІэ псаунығъэм икъэухъумэн фэгъэзэгъэ учреждениехэр тІозэ дгъэкІощт) яучасткэ врач-терапевтхэм, яучасткэ врач-педиатрхэм, яунэгъо врачхэм, яучасткэ врач-терапевтхэм, яучасткэ врач-педиатрхэм, яунэгъо врачхэм ямедсестрахэм (ыужкІэ медицинэ ІофышІэхэр тІозэ дгъэкІощт) медицинэ ІэпыІэгъу тедзэ цІыфхэм зэрарагъэгъотырэм фэшІ 2010-рэ илъэсым ахэм ахъщэ зэраратыщт шІыкІэмрэ ащкІэ шапхъэу щыІэхэмрэ мыщ къегъэнафэх.

2. Урысые Федерацием ІофшІэнымкІэ и Кодекс щыгъэнэфэгъэ гарантиехэр зигугъу къэтшІыгъэ медицинэ ІофышІэхэм аІэкІэгъэхьэгъэнхэ зэрэфаер къыдалъытэзэ, медицинэ ІэпыІэгъу тедзэ зэрарагъэгъотырэм фэшІ федеральнэ бюджетым исубсидиехэу Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет къиxьэхэрэр кІэгъэгушІу мэхьанэ иІэу араты, участкэ врач-терапевтхэм, участкэ врач-педиатрхэм, унэгъо врачхэм мазэм сомэ 10000, участкэ врач-терапевтхэм, участкэ врач-педиатрхэм, унэгъо врачхэм ямедсестрахэм мазэ къэс сомэ 5000 аІокІэ.

3. Штат ІэнатІэр икъоу (зы ставкэм къыщымыкІэу) зыІыгъ медицинэ ІофышІэхэр ары зигугъу къэтшІыгъэ ахъщэр зэратырэр; медицинэ ІофышІэ гъэнэфагъэм пае штат нормативхэм зы ставкэм нахь макІэ къащыдэлъытагъэмэ, ІэнэтІэ шъхьаІэм ставкэ имыкъукІэ медицинэ ІофышІэр щылажьэ зыхъукІэ, ІэнатІэм зыІутыгъэ уахътэм тефэрэ ахъщэр раты.

4. Медицинэ ІофышІэхэм Іоф зэрашІэгъэ уахътэм телъытагъэу мазэ къэс зигугъу къэтшІыгъэ ахъщэр ялэжьэпІэ шъхьаІэ ащыІэкІагъахьэ лэжьапкІэр къазыщыратыщт мафэу коллективнэ зэзэгъыныгъэмкІэ агъэнэфэгъэ пІалъэм тефэу.

5. Медицинэ ІэпыІэгъу тедзэ ягъэгъотыгъэнымкІэ къэралыгъо пшъэрылъыр зэрагъэцакІэрэм епхыгъэу медицинэ ІофышІэхэмрэ псаунығъэм икъэухъумэн фэгъэзэгъэ учреждениехэмрэ ІофшІэн зэзэгъыныгъэ тедзэхэр зэдашІых, Урысые Федерацием псаунығъэр къэухъумэгъэнымкІэ ыкІи социальнэ хэхъоныгъэмкІэ и Министерствэ иунашъо къызэрэщыдэлъытэгъэ шІыкІэм тетэу ахэр зэхагъэуцох.

6. Медицинэ ІофышІэхэм зигугъу къэтшІыгъэ ахъщэр къазыратырэр мы ШІыкІэм ия 5-рэ пункт щыгъэнэфэгъэ ІофшІэн тедзэхэр медицинэ ІофышІэхэм агъэцакІэхэ, ІэнатІэу аІыгъым елъытыгъэу ІофшІэнымкІэ законодательствэм щыгъэнэфэгъэ ІофшІэгъу уахътэр къыдалъытэ, ахъщэр къазыщыратырэ лъэхъаным дисциплинарнэ пшъэдэкІыжь ахэм арамыгъэхьыгъэ зыхъукІэ ары.

7. ШІокІ зимыІэ медицинэ страхованиемкІэ чІыпІэ программэр гъэцэкІэгъэным пае бюджет трансфертхэр шІокІ зимыІэ медицинэ страхованиемкІэ Адыгэ республикэ фондым агъакІо, субсидиехэр зэрагъэхьэрэ счет шъхьафэу къызэІуахырэм ахэр агъакІо федеральнэ бюджетым мылъкур къызэрэхэкІырэм елъытыгъэу, нэужым Адыгэ Республикэм псаунығъэр къэухъумэгъэнымкІэ и Министерствэ зэригъэнэфэрэ шІыкІэм диштэу субсидиехэр медицинэ учреждениехэм афагъакІо.

8. Зигугъу къэтшІыгъэ ахъщэр амбулаторнэ медицинэ ІэпыІэгъум итарифхэм, шІокІ зимыІэ медицинэ страхованиемкІэ чІыпІэ программэм къыдилъытэрэ мылъкум ахагъахьэрэп.

9. ШІокІ зимыІэ медицинэ страхованиемкІэ Адыгэ республикэ фондым отчет зашІырэ мазэм къыкІэлъыкІорэ мазэм ия 20-рэ мафэ нахь мыгужъоу мазэ къэс Адыгэ Республикэм псаунығъэр къэухъумэгъэнымкІэ и Министерствэ зэриухэсыгъэ шІыкІэм диштэу ахъщэу афатІупщыгъэм ехьылІэгъэ къэбархэр Адыгэ Республикэм псаунығъэр къэухъумэгъэнымкІэ и Министерствэ ІэкІегъахьэх.

10. Адыгэ Республикэм псаунығъэр къэухъумэгъэнымкІэ и Министерствэ мазэ къэс отчет зашІырэ мазэм къыкІэлъыкІорэ мазэм ия 25-рэ мафэ нахь мыгужъоу Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет ихъарджхэм яхьылІэгъэ отчетэу Урысые Федерацием псаунығъэр къэухъумэгъэнымкІэ ыкІи социальнэ хэхъоныгъэмкІэ и Министерствэ зэригъэнэфэгъэ шІыкІэм тетэу зэхэгъэуцуагъэр Урысые Федерацием псаунығъэр къэухъумэгъэнымкІэ ыкІи социальнэ хэхъоныгъэмкІэ и Министерствэ ІэкІегъахьэ.

11. ЗыгорэкІэ псаунығъэм икъэухъумэн фэгъэзэгъэ учреждениехэм зигугъу къэтшІыгъэ ахъщэр ямыщыкІагъэу Адыгэ Республикэм псаунығъэр къэухъумэгъэнымкІэ и Министерствэ зигъэунэфыкІэ, шІокІ зимыІэ медицинэ страхованиемкІэ Адыгэ республикэ фондым ар Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет отчет зашІырэ мазэм къыкІэлъыкІорэ мазэм и 25-рэ мафэ нахь мыгужъоу фигъэкІожьын, нэужым бюджет законодательствэм къызэрэщыдэлъытэгъэ шІыкІэм диштэу федеральнэ бюджетым агъэкІожьын фае.

12. Гухэлъэу зыфытегъэпсыхьагъэхэмкІэ субсидиехэр агъэфедэхэмэ зыуплъэкІурэр Адыгэ Республикэм псаунығъэр къэухъумэгъэнымкІэ и Министерств ары.

# Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ иунашъу

## Лъэпкъ тхылъхэр зэратыщт ыкІи зэратхыщт шІыкІэр ухэсыгъэным ехьылІагъ

Чэчэн Республикэм ыкІи Темыр Кавказым ичІыпІэхэу ащ къыпэІулъхэм ІашэкІэ зыщызэІоупІэхэм, джащ фэдэу Темыр-Кавказ регионым ичІыпІэхэм терроризмэм щапэшІуекІохэзэ, зикъулыкъу пшъэрылъ зыгъэцакІэзэ фэхыгъэ, зыдэхъугъэр амышІэу кІодыгъэ, сэкъатныгъэ зыфэхъугъэ дзэкъулыкъушІэхэм якІэлэцІыкІухэм гъэмэфэ зыгъэпсэфыгъо лъэхъаным япсаунығъэ агъэпытэным пае ахъщэ ІэпыІэгъу зэраратырэ ШІыкІэу Урысые Федерацием и Правительствэ 2008-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 29-м ышІыгъэ унашъоу N 1051-р зытетымкІэ аухэсыгъэм ия 5-рэ пункт, Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет 2010-рэ илъэсым щылэ мазэм и 27-м ышІыгъэ унашъоу N 13-р зытетэу «Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ иІофыгъо заулэмэ яхьылІагъ» зыфиІорэр гъэцэкІэгъэнхэм атегъэпсыхьагъэу **унашъо сэшІы:**

1. Ухэсыгъэнхэу:

— Чэчэн Республикэм ыкІи Темыр Кавказым ичІыпІэхэу ащ къыпэІулъхэм ІашэкІэ зыщызэІоупІэхэм, джащ фэдэу Темыр-Кавказ регионым ичІыпІэхэм терроризмэм щапэшІуекІохэзэ, зикъулыкъу пшъэрылъ зыгъэцакІэзэ фэхыгъэ, зыдэхъугъэр амышІэу кІодыгъэ, сэкъатныгъэ зыфэхъугъэ дзэкъулыкъушІэхэм якІэлэцІыкІухэм гъэмэфэ зыгъэпсэфыгъо лъэхъаным япсаунығъэ агъэпытэным пае ахъщэ ІэпыІэгъу аратынымкІэ лъэІу тхылъыр зэраІэкІагъахьэрэ, ар зэратхырэ, джащ фэдэу ахъщэ ІэпыІэгъу къазэраратыщтым ехьылІэгъэ унашъор зэраштэрэ шІыкІэр гуадзэу N 1-м диштэу;

— Чэчэн Республикэм ыкІи Темыр Кавказым ичІыпІэхэу ащ къыпэІулъхэм ІашэкІэ зыщызэІоупІэхэм, джащ фэдэу Темыр-Кавказ регионым ичІыпІэхэм терроризмэм щапэшІуекІохэзэ, зикъулыкъу пшъэрылъ зыгъэцакІэзэ фэхыгъэ, зыдэхъугъэр амышІэу кІодыгъэ, сэкъатныгъэ зыфэхъугъэ дзэкъулыкъушІэхэм якІэлэцІыкІухэм гъэмэфэ зыгъэпсэфыгъо лъэхъаным япсаунығъэ агъэпытэным пае ахъщэ ІэпыІэгъу аратыным фэшІ лъэІу тхылъэу къырахьылІэн фаер зыфэдэр гуадзэу N 2-м диштэу.

2. Чэчэн Республикэм ыкІи Темыр Кавказым ичІыпІэхэу ащ къыпэІулъхэм ІашэкІэ зыщызэІоупІэхэм, джащ фэдэу Темыр-Кавказ регионым ичІыпІэхэм терроризмэм щапэшІуекІохэзэ, зикъулыкъу пшъэрылъ зыгъэцакІэзэ фэхыгъэ, зыдэхъугъэр амышІэу кІодыгъэ, сэкъатныгъэ зыфэхъугъэ дзэкъулыкъушІэхэм якІэлэцІыкІухэм гъэмэфэ зыгъэпсэфыгъо лъэхъаным япсаунығъэ агъэпытэным пае ахъщэ ІэпыІэгъу аратыным къызыщыкІэлъэІухэрэ тхылъыр ІофшІэнымкІэ ыкІи цІыфхэр социальнэу ухъумэгъэнхэмкІэ чІыпІэ органхэм аштэхэ, атхыхэ ыкІи ахъщэ ІэпыІэгъу къазэраратыщтым ехьылІэгъэ унашъохэр аштэхэ зыхъукІэ мы ШІыкІэр ІэубытыпІэ къызыфашІынэу.

3. Къэбар-правовой отделым ипащэу О.В. Долголенкэм:

— мы унашъор Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ исайт игъэхьэгъэным ыкІи гъэзетхэу «Советскэ Адыгеим», «Адыгэ макъэм», мазэ къэс къыдагъэкІырэ сборникэу «Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэм» къащыхэутыгъэным ынаІэ тыригъэтынэу;

— Урысые Федерацием исубъектхэм яшэпхъэ правовой актхэм яфедеральнэ регистрэ мы унашъор хагъэхьаным фэшІ Урысые Федерацием юстициемкІэ и Министерствэ и ГъэІорышІапІэу Адыгэ Республикэм щыІэм ар ІэкІигъэхьанэу.

4. Мы унашъор зэрагъэцакІэрэм гъунэ лъысфынэу зыфэсэгъазэ.

5. Официальнэу къызыхаутырэ мафэм щегъэжьагъэу мы унашъом кІуачІэ иІэ мэхъу.

**Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ иминистрэу Наталья ШИРОКОВА**

къ. Мыекъуапэ,
щылэ мазэм и 29-рэ, 2010-рэ илъэс
N 14

# Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет иунашъу

**Экономикэ IофшIэн лъэпкъхэмкIэ Адыгэ Республикэм икъэралыгъо учреждениехэу Адыгэ Республикэм псаунygъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэ къыфэIорышIэхэрэм яIофышIэхэм лэжьапкIэ зэраратырэм ехьылIэгъэ Положением зэхъокIынығъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм икъэралыгъо учреждениехэу Адыгэ Республикэм псаунygъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэ къыфэIорышIэхэрэм яIофышIэ заулэмэ лэжьапкIэ зэраратырэ шIыкIэм хэбзэ икъу хэлъхьэгъэным тегъэпсыхьагъэу Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет **унашъо ышIыгъ:**

1. Экономикэ IофшIэн лъэпкъхэмкIэ Адыгэ Республикэм икъэралыгъо учреждениехэу Адыгэ Республикэм псаунygъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэ къыфэIорышIэхэрэм яIофышIэхэм лэжьапкIэ зэраратырэм ехьылIэгъэ Положениеу Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет 2009-рэ илъэсым мэкъуогъум и 22-м ышIыгъэ унашъоу N 127-р зытетэу «Экономикэ IофшIэн лъэпкъхэмкIэ Адыгэ Республикэм икъэралыгъо учреждениехэу Адыгэ Республикэм псаунygъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэ къыфэIорышIэхэрэм яIофышIэхэм лэжьапкIэ зэраратыщт системакIэхэм атехьэгъэным ехьылIагъ» зыфиIорэмкIэ аухэсыгъэм (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2009, N 6) мыщ фэдэ зэхъокIынығъэхэр фэшIыгъэнхэу:

1) я V-рэ разделым:

а) ия 4-рэ пункт ия 2-рэ абзац мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

«5. Псаунygъэм икъэухъумэн фэгъэзэгъэ учреждениехэм яIофышIэхэм, санитар автотранспортым иводительхэу псаунygъэр къэухъумэгъэнымкIэ учреждениехэм яштат хэтхэм чэщрэ Iоф зэрашIэрэм пае сыхьат пэпчъ тельытагъэу ставкэм (окладым) ипроцент 50 хъурэ ахъщэ тегъахъо араты.»;

б) ия 6-рэ пункт хэт гущыIэхэу «мыщ фэдиз хъоу» зыфиIохэрэм ауж гущыIэу «нахь мымакIэу» зыфиIорэр хэгъэхъожьыгъэнэу;

2) я VI-рэ разделым ия 2-рэ пункт мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

«2. Псаунygъэр къэухъумэгъэнымкIэ къэралыгъо учреждениеу «Жъэгъэуз зиIэхэм зыщяIазэхэрэ Адыгэ республикэ клиникэ диспансерымрэ» психиатрическэ къулыкъум истационар отделениехэмрэ яврачхэм IофшIэн къин зэрагъэцакIэрэм пае окладым ипроценти 100 фэдиз хъурэ ахъщэ тегъахъо кIэгъэгушIу мэхьанэ иIэу араты.»;

3) гуадзэу N 4-м:

а) иа 1.3-рэ пункт гущыIэхэу «псаунygъэм икъэухъумэнкIэ къэралыгъо учреждениеу «Адыгэ республикэ кIэлэцIыкIу клиникэ сымэджэщыр» я II-рэ купым хэхьэ» зыфиIохэрэр хэгъэкIыжьыгъэнхэу;

б) иа 1.5-рэ пункт хэт пчъагъэу «251»-р «361»-кIэ, «101»-р «201»-кIэ, «250»-р «360»-кIэ, «100»-р «200»-кIэ зэблэхъужьыгъэнхэу;

4) гуадзэу N 6-м иа I-рэ раздел ия 2-рэ пункт ия 2-рэ подпункт хэт гущыIэхэу «врач-фтизиатрхэмрэ гурыт медицинэ IофышIэхэмрэ» зыфиIохэрэм ауж гущыIэхэу «участкэ къулыкъум» зыфиIохэрэр хэгъэхъожьыгъэнхэу.

2. Мы унашъор зэрагъэцакIэрэм Адыгэ Республикэм псаунygъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэ гъунэ лъифынэу.

3. Официальнэу къызыхаутырэ мафэм щегъэжьагъэу мы унашъом кIуачIэ иIэ мэхъу.

**Адыгэ Республикэм и Премьер-министрэу**
**КЪУМПIЫЛ Мурат**

къ. Мыекъуапэ,
щылэ мазэм и 27-рэ,
2010-рэ илъэс
N 12

# Адыгэ Республикэм псаунygъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэрэ Роспотребнадзорым Адыгэ РеспубликэмкIэ и ГъэIорышIапIэрэ яунашъу

**Адыгэ Республикэм щыпсэухэрэр флюорографие аппаратхэмкIэ нахьышIоу уплъэкIугъэнхэм ехьылIагъ**

Урысые Федерацием зэрэщыщытым фэдэу, жъэгъэузым зызэриушъомбгъурэмкIэ Адыгэ Республикэм Iофхэр зэрэхьылъэу къыщэнэжьых. 1999-рэ илъэсым щегъэжьагъэу 2008-рэ илъэсым нэс жъэгъэузым тиреспубликэ процент 50,4-кIэ зыкъыщиIэтыгъ. 2008-рэ илъэсым тиреспубликэ щыпсэущтыгъэ нэбгырэ мини 100-м щыщэу нэбгырэ 85-мэ ар къяузыщтыгъ. 2008-рэ илъэсым Урысые Федерацием а пчъагъэр нэбгырэ 85,1-м щынэсыщтыгъ. 1999-рэ илъэсым щегъэжьагъэу 2008-рэ илъэсым нэс проценти 10-кIэ нахьыбэу республикэм жъэгъэузым щилIыкIыгъэх. Республикэм ис нэбгырэ мини 100 2008-рэ илъэсым зауплъэкIум, нэбгырэ 21,5-мэ мы узыр къахагъэщыгъ. Урысые Федерацием 2008-рэ илъэсым а пчъагъэр нэбгырэ 17,5-м щынэсыгъагъ. Зыныбжь илъэс 15 икъугъэхэм ыкIи ахэм анахьыжъхэм япроцент 33,5-мэ 1999-рэ илъэсым флюорографиер республикэм щарагъэкIугъагъэмэ, 2008-рэ илъэсым мыщ фэдэ уплъэкIунхэм ахэм япроцент 44,8-рэ къахырагъэубытагъ. Урысые Федерацием зышпштэкIэ, 2008-рэ илъэсым ащ фэдэ уплъэкIунхэм цIыфхэм япроцент 54,5-рэ къахырагъэубытэгъагъ.

Республикэм щыпсэухэу жъэгъэузым илIыкIыхэрэм япчъагъэ зэрэхахъорэр анахьэу зэпхыгъэр илъэситIукIэ ыкIи ащ ехъукIэ цIыфхэм рентген зэрамыкIурэр игъом сымаджэхэр зэрагъэмыхъунэфыхэрэр, зэпахырэ жъэгъэузыр ахэм къызэрэздырахьакIырэр ары. ГущыIэм пае, 1999 — 2008-рэ илъэсхэм апэрэу ауплъэкIугъэхэм япроцент 59,1-мэ хэухъышхьагъэу яжъагъэ узыщтыгъ. Мы узыр нахь псынкIэу къахагъэщы къэс нахьышIу, ахэр бгъэхъужьынхэкIэ нахь IэшIэх.

Урысые Федерацием псаунygъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэ 1996-рэ илъэсым мэзаем и 22-м ышIыгъэ унашъоу N 95/42-р зытетэу «Жъэгъэузхэр къыхэгъэщыгъэнхэм пае цIыфхэм рентген ягъэкIугъэным ехьылIагъ» зыфиIорэм диштэу Адыгэ Республикэм щыпсэухэу зыныбжь икъугъэхэм илъэсым зэ планым тетэу мыщ фэдэ уплъэкIунхэр арашIылIэн фае.

ЫпшъэкIэ зигугъу къэтшIыгъэхэр IэубытыпIэ къызыфэтшIыхэзэ, зижъагъэ узыхэрэр игъом къыхэгъэщыгъэнхэм, цIыфхэм флюорографиер нахьышIоу ягъэкIугъэным, яучет нахьышIоу зэхэщэгъэным атегъэпсыхьагъэу, жъэгъэузым земыгъэушъомбгъугъэнымкIэ санитар-эпидемие шапхъэу щыIэхэр, рентген кабинетхэм, аппаратхэм ягъэфедэнкIэ, рентген ушэтынхэм язэхэщэнкIэ шапхъэу щыIэхэр, Урысые Федерацием псаунygъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэ 1996-рэ илъэсым мэзаем и 22-м ышIыгъэ унашъоу N 95/42-р зытетэу «Жъэгъэузхэр къыхэгъэщыгъэнхэм пае цIыфхэм рентген ягъэкIугъэным ехьылIагъ» зыфиIорэр, 1999-рэ илъэсым гъэтхапэм и 30-м аштэгъэ Федеральнэ законэу N 52-р зытетэу «Санитар-эпидемиологие лъэныкъомкIэ цIыфхэм яIоф изытет ехьылIагъ» зыфиIорэр, ММА-м фтизиопульмонологиемкIэ и НИИ-у И.М. Сеченовым ыцIэкIэ щытым испециалистхэм ярекомендациехэр гъэцэкIэгъэнхэм атегъэпсыхьагъэу унашъо тэшIы:

1. Жъэгъэузым зимыушъомбгъунымкIэ санитар-эпидемиологие шапхъэхэр Адыгэ Республикэм иIэзэпIэ-профилактикэ учреждениехэм къащыдэлъытэгъэнэу.

2. Ухэсыгъэнхэу:

2.1. ФлюорографиемкIэ республикэ координационнэ советым хэтхэр (гуадзэу N 1-р), флюорографиемкIэ республикэ координационнэ советым ехьылIэгъэ Положениер (гуадзэу N 2-р).

2.2. Адыгэ Республикэм щыпсэухэу флюорографиер зэрагъэкIун фаехэр (гуадзэу N 3-р).

3. Муниципальнэ образованиеу «Къалэу Мыекъуапэ» иадминистрацие псаунygъэр къэухъумэгъэнымкIэ ыкIи социальнэ программэхэмкIэ и ГъэIорышIапIэ ипащэ, республикэ IэзэпIэ-профилактикэ учреждениехэм яврач шъхьаIэхэм, ЦРБ-м, ЦГБ-м яврач шъхьаIэхэм:

3.1. Гуадзэу N 3-м къызэрэщыдэлъытагъэм диштэу республикэм щыпсэухэрэр флюорографиемкIэ уплъэкIугъэнхэм анаIэ тырагъэтынэу.

3.2. ЛПУ-хэм флюорографическэ картотекэхэм тэрэзэу Iоф ащадашIэным анаIэ тырагъэтынэу, ащ къыхеубытэ:

— зыныбжь илъэс 15-м нэсыгъэхэр ыкIи ащ ехъугъэхэр рентгеным зэрэдэхьэхэрэ картэм Iоф адашIэныр;

— картотекэм хэлъхэмкIэ участкэ къулыкъухэмрэ пэублэ медикэ-санитар IэпыIэгъу языгъэгъотырэ учреждениехэмрэ мазэ къэс яупчIыжьыгъэныр;

— жъэгъэузыр къызэутэлIэн зылъэкIыщтхэр, зижъагъэ узхэрэр картотекэм къащыхагъэщыныр;

— зыщакIугъэ чIыпIэм емылъытыгъэу рентгеным дэхьагъэхэм яхьылIэгъэ къэбархэр игъом картотекэм ратхэныр;

— картотекэр IэубытыпIэ къызыфашIызэ, цIыфхэр рентгеным дэгъэхьэгъэнхэмкIэ планхэр зэхэгъэуцогъэнхэр.

3.3. Мы унашъом игуадзэу N 5-м къызэрэдилъытэрэм тетэу ФЛГ-уплъэкIунхэр зэракIурэ картэхэм Iоф адашIэнэу.

3.4. Участкэ къулыкъухэм, пэублэ медикэ-санитар IэпыIэгъу языгъэгъотырэ учреждениехэм (врач амбулаториехэм, ФАП-хэм, ФП-хэм) яIофышIэхэм:

3.4.1. гуадзэу N 6-м диштэу цIыфхэм флюорографие уплъэкIунхэр зэрарагъэкIурэ журналым Iоф дашIэнэу;

3.4.2. рентген уплъэкIунхэр арагъэкIухэ зыхъукIэ рентген нэбзыйхэр къямыгоонхэм пае мы унашъом игуадзэу N 8-м къыщыдэлъытэгъэ тхьапэм ищыкIагъэхэр ратхэнхэу, амбулаторнэ сымаджэм и медицинэ картэ е сабыим хэхъоныгъэ зэришIырэр къызыщыгъэлъэгъогъэ тхылъым мы тхьапэр дагъэпкIэнэу.

3.5. Рентгенологие къулыкъум:

3.5.1. рентгеным дэхьэгъахэхэу джыри уплъэкIунхэр зэрагъэкIун фаехэр зыдатхэрэ журналым гуадзэу N 4-м диштэу Iоф дишIэнэу;

3.5.2. медицинэ IофышIэхэм рентген нэбзыйхэр къямыгоонхэм пае шапхъэхэр къызыщыдалъытэрэ картотекэхэм мы унашъом игуадзэу N 7-м диштэу Iоф адишIэнэу.

3.6. Рентген уплъэкIунхэр зэракIугъэхэм яхьылIэгъэ кIэух зэфэхьысыжьхэм врач-рентгенологхэм рентген пчъагъэу къызыфагъэфедагъэр зыфэдизыр аратхэнэу.

3.7. Флюорографие кабинетхэм медицинэ регистраторхэр яIэнхэм анаIэ тырагъэтынэу.

3.8. Зижъагъэ узэу зэгуцафэхэрэм ищыкIэгъэ уплъэкIунхэр арагъэкIунэу: рентген аппаратым дагъэхьанхэу, томограммэхэр арагъэшIынэу, яIупс микроскопкIэ ауплъэкIунэу.

4. Псаунygъэм икъэухъумэнкIэ къэралыгъо учреждениеу «Зижъагъэ узхэрэм зыщяIазэхэрэ Адыгэ республикэ клиникэ диспансерым» иврач шъхьаIэу (Адыгэ Республикэм псаунygъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэ штатым хэмыт иftизиатр шъхьаIэу) Н. М. Мамыим:

4.1. Гуадзэу N 3-м диштэу, агъэнэфэгъэ пIалъэхэм IэзэпIэ-профилактикэ учреждениехэм цIыфхэм флюорографие уплъэкIунхэр зэрарагъэкIухэрэм гъунэ лъифынэу.

4.2. Флюорографие аппаратхэм Iоф зэрашIэрэм, уплъэкIунхэр зэрэзэхащэхэрэм гъунэ алъифынэу, цIыфхэр жъэгъэузым зэригъэгумэкIыхэрэмкIэ Адыгэ Республикэм иIоф изытет зыщигъэгъозэнэу ыкIи кварталым къыкIэлъыкIорэ мазэм ия 10-рэ мафэ нэс квартал къэс Роспотребнадзорым Адыгэ РеспубликэмкIэ и ГъэIорышIапIэрэ Адыгэ Республикэм псаунygъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэрэ аналитическэ справкэр аIэкIигъэхьанэу.

5. Адыгэ Республикэм псаунygъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэ штатым хэмыт ирентгенолог шъхьаIэу М.М. Цуамыкъом мы унашъом игуадзэхэу N 4-м, 5-м, 6-м, 7-м, 8-м адиштэу республикэм и ЛПУ-хэм карточкэхэр зэращагъэфедэхэрэм гъунэ лъифынэу.

6. Адыгэ Республикэм псаунygъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэрэ ФГУ-у «АР-м и ЦГСЭН» зыфиIорэмрэ 2003-рэ илъэсым IоныгЪом и 25-м ашIыгъэ унашъоу N 431/271-р зытетым кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу.

7. Мы унашъор зэрагъэцакIэрэм Адыгэ Республикэм псаунygъэр къэухъумэгъэнымкIэ иминистрэ иапэрэ гуадзэу Г.Н. Савенковамрэ Роспотребнадзорым Адыгэ РеспубликэмкIэ и ГъэIорышIапIэ ипащэ игуадзэу Л.А. Долэмрэ гъунэ лъафынэу.

**Адыгэ Республикэм псаунygъэр къэухъумэгъэнымкIэ иминистрэу НАТХЪО Разыет**

**Роспотребнадзорым Адыгэ РеспубликэмкIэ и ГъэIорышIапIэ ипащэу АДЖЫРЭ Аслъан**

къ. Мыекъуапэ,
щылэ мазэм и 15, 2010-рэ илъэс
N 23/6

# Адыгэ Республикэм и Закон

**Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм имуниципальнэ къулыкъу ехьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2010-рэ илъэсым мэзаем и 17-м ыштагъ*

**А 1-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм имуниципальнэ къулыкъу ехьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм имуниципальнэ къулыкъу ехьылIагъ» зыфиIорэм (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2008, N 4; 2009, N 4) мыщ фэдэ зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэу:

1) я 7-рэ статьям ия 2-рэ Iахь ия 2-рэ пункт иподпунктэу «г»-р мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

«г) муниципальнэ къулыкъум истаршэ ыкIи имладшэ IэнатIэхэр — IофшIэнымкIэ стажэу (опытэу) яIэр къыдэмылъытагъэу;»;

2) я 7-рэ статьям ия 2-рэ Iахь ия 2-рэ пункт иподпунктэу «д»-м кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу;

3) я 8-рэ статьяр мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

**«Я 8-рэ статьяр. Муниципальнэ къулыкъушIэхэм яклассно чинхэр**

1. Муниципальнэ къулыкъум иIэнатIэхэу зыIутхэм адиштэу муниципальнэ къулыкъушIэхэм классно чинхэр афагъэшъуашэ.

2. Мы Законым иположениехэм адиштэу Адыгэ Республикэм изаконкIэ муниципальнэ къулыкъушIэхэм классно чинхэр зэрафагъэшъошэрэ шIыкIэр агъэнафэ.»;

4) я 4-рэ шъхьэм я $14^1$-рэ статьяр хэгъэхъожьыгъэнэу ыкIи ар мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

**«Я $14^1$-рэ статьяр. Квалификационнэ экзаменыр**

1. Квалификационнэ экзаменым икIэуххэм атетэу муниципальнэ къулыкъум иIэнатIэхэр зыгъэцэкIэрэ муниципальнэ къулыкъушIэхэм классно чинхэр афагъэшъуашэ.

2. Муниципальнэ къулыкъум иIэнатIэу зыIутымкIэ муниципальнэ къулыкъушIэм классно чин фэгъэшъошэгъэным ехьылIэгъэ Iофыгъор зэшIуахы зыхъукIэ, илъэсым зэм мынахьыбэу ыкIи илъэсищым зэм мынахь макIэу квалификационнэ экзаменхэр aIахых.

3. Мы статьям ия 2-рэ Iахь зигугъу къышIырэ пIалъэм нахь пасэу муниципальнэ къулыкъушIэм ишIоигъоныгъэкIэ зимычэзыу квалификационнэ экзаменыр заIахырэр классно чин къафагъэшъошэнымкIэ лъэIу тхылъыр затыгъэ мафэм ыуж мэзищ нахьыбэ темышIэу ары.

4. Муниципальнэ къулыкъушIэм шIэныгъэу, исэнэхьаткIэ амалэу, къулайныгъэу IэкIэлъхэр зэгъэшIэгъэнхэм атегъэпсыхьагъэу зэрагъэнэфэгъэ шIыкIэм диштэу аттестационнэ комиссием квалификационнэ экзаменыр зэхещэ.

5. Квалификационнэ экзаменыр зэраIахыщт шIыкIэр муниципальнэ правовой акткIэ агъэнафэ.»;

5) я 15-рэ статьям иа 1-рэ Iахь я 4-рэ пунктыкIэр хэгъэхъогъэнэу ыкIи ар мыщ тетэу къэтыгъэнэу;

«4) квалификациеу яIагъэр aIахыжьызэ, административнэ пшъэдэкIыжь арагъэхьы.»;

6) я 18-рэ статьям ия 2-рэ Iахь иа 1-рэ пункт хэт гущыIэхэу «квалификационнэ разрядыр» зыфиIохэрэр гущыIэхэу «классно чиныр» зыфиIохэрэмкIэ зэблэхъужьыгъэнхэу;

7) я 24-рэ статьям ия 16-рэ пункт хэт гущыIэхэу «квалификационнэ разрядхэр» зыфиIохэрэр гущыIэхэу «классно чинхэр» зыфиIохэрэмкIэ зэблэхъужьыгъэнхэу;

8) гуадзэу N 1-м ия IV-рэ раздел ия 10-рэ пункт ия 2-рэ подпункт хэт гущыIэхэу «квалификационнэ разрядыр» зыфиIохэрэр гущыIэхэу «классно чин» зыфиIохэрэмкIэ зэблэхъужьыгъэнхэу.

**Я 2-рэ статьяр. Мы Законым кIуачIэ иIэ зыхъурэр**

Официальнэу къызыхаутырэ мафэм щегъэжьагъэу мы Законым кIуачIэ иIэ мэхъу.

**Адыгэ Республикэм и Президентэу**
**ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан**

къ. Мыекъуапэ,
мэзаем и 25-рэ, 2010-рэ илъэс
N 320

# Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет иунашъу

**Фельдшер-акушер пунктхэм ямедицинэ IофышIэхэм, псауныгъэм икъэухъумэн фэгъэзэгъэ муниципальнэ системэм медицинэ IэпыIэгъу псынкIэмкIэ иучреждениехэмрэ иподразделениехэмрэ яврачхэм, яфельдшерхэм ыкIи ямедсестрахэм 2010-рэ илъэсым ахъщэ зэраратыщт шIыкIэм ехьылIагъ**

Урысые Федерацием и Правительствэ 2009-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 29-м ышIыгъэ унашъоу N 1111-р зытетэу «Фельдшер-акушер пунктхэм ямедицинэ IофышIэхэм, псаунымгъэм икъэухъумэн фэгъэзэгъэ муниципальнэ системэм медицинэ IэпыIэгъу псынкIэмкIэ иучреждениехэм, иподразделениехэм, муниципальнэ образованиехэм ахэр арымытхэ зыхъукIэ — Урысые Федерацием исубъектхэм медицинэ IэпыIэгъу псынкIэмкIэ яучреждениехэм ыкIи яподразделениехэм яврачхэм, яфельдшерхэм ыкIи ямедсестрахэм ахъщэ ятыгъэным пае федеральнэ бюджетым исубсидиехэр Урысые Федерацием исубъектхэм ябюджетхэм 2010-рэ илъэсым зэраIэкIагъэхьащт шIыкIэм ехьылIагъ» зыфиIорэм диштэу Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет **унашъо ышIыгъ:**

1. Фельдшер-акушер пунктхэм ямедицинэ IофышIэхэм, псаунымгъэм икъэухъумэн фэгъэзэгъэ муниципальнэ системэм медицинэ IэпыIэгъу псынкIэмкIэ иучреждениехэмрэ иподразделениехэмрэ яврачхэм, яфельдшерхэм ыкIи ямедсестрахэм 2010-рэ илъэсым ахъщэ зэраратыщт шIыкIэр гуадзэм диштэу ухэсыгъэнэу.

2. Адыгэ Республикэм псаунымгъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэрэ Адыгэ Республикэм финансхэмкIэ и Министерствэрэ фельдшер-акушер пунктхэм ямедицинэ IофышIэхэм, псаунымгъэм икъэухъумэн фэгъэзэгъэ муниципальнэ системэм медицинэ IэпыIэгъу псынкIэмкIэ иучреждениехэмрэ иподразделениехэмрэ яврачхэм, яфельдшерхэм ыкIи ямедсестрахэм ахъщэу аратыщтыр федеральнэ бюджетым къыхагъэкIызэ ашIынэу, бюджет законодательствэм зэрэщыгъэнэфэгъэ шIыкIэм диштэу зичэзыу финанс илъэсымкIэ ыкIи план пIалъэмкIэ мы гухэлъхэм апае Адыгэ Республикэм иреспубликэ бюджет къыщыдэлъытэгъэ мылъкур къызыфагъэфедэнэу.

3. Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет 2009-рэ илъэсым гъэтхапэм и 26-м ышIыгъэ унашъоу N 59-р зытетэу «Фельдшер-акушер пунктхэм ямедицинэ IофышIэхэм, псаунымгъэм икъэухъумэн фэгъэзэгъэ муниципальнэ системэм медицинэ IэпыIэгъу псынкIэмкIэ иучреждениехэмрэ иподразделениехэмрэ яврачхэм, яфельдшерхэм ыкIи ямедсестрахэм ахъщэ зэраратырэ шIыкIэм ехьылIагъ» зыфиIорэм (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2009,N 3) кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу.

4. Официальнэу къызыхаутырэ нэуж мы унашъом кIуачIэ иIэ мэхъу ыкIи 2010-рэ илъэсым щылэ мазэм и 1-м щегъэжьагъэу правэм ылъэныкъокIэ азыфагу илъ хъугъэ зэфыщытыкIэхэм алъэIэсы.

**Адыгэ Республикэм и Премьер-министрэу**
**КЪУМПЫЛ Мурат**

къ. Мыекъуапэ,
мэзаем и 17, 2010-рэ илъэс
N 28

# Адыгэ Республикэм псаунымгъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэ иунашъу

**Джырэ технологиехэм атегъэпсыкIыгъэ медицинэ IэпыIэгъу ягъэгъотыгъэным пае Урысые Федерацием игражданхэу Адыгэ Республикэм щыпсэухэрэр къэралыгъо пшъэрылъхэм ягъэцэкIэн хэлэжьэрэ медицинэ учреждениехэм зэрагъэкIорэ ыкIи ахэр къызэрэхахырэ шIыкIэм хэбзэ икъу хэлъхьэгъэным ехьылIагъ**

Урысые Федерацием псаунымгъэр къэухъумэгъэнымкIэ ыкIи социальнэ хэхъоныгъэмкIэ и Министерствэ 2009-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 30-м ышIыгъэ унашъоу N 1047-н-р зытетэу «Бюджет мылъкумкIэ Урысые Федерацием игражданхэм джырэ технологиехэм атегъэпсыкIыгъэ медицинэ IэпыIэгъу 2010-рэ илъэсым ягъэгъотыгъэным пае къэралыгъо пшъэрылъыр зэраухэсырэ шIыкIэм ехьылIагъ» зыфиIорэр IэубытыпIэ къызыфэсшIызэ, джырэ технологиехэм атегъэпсыкIыгъэ медицинэ IэпыIэгъу ягъэгъотыгъэным пае Урысые Федерацием игражданхэу Адыгэ Республикэм щыпсэухэрэр (ыужкIэ сымаджэхэр тIозэ дгъэкIощт) къэралыгъо пшъэрылъхэм ягъэцэкIэн хэлэжьэрэ медицинэ учреждениехэм зэрагъэкIорэ ыкIи ахэр къызэрэхахырэ шIыкIэм хэбзэ икъу хэлъхьэгъэным тегъэпсыхьагъэу **унашъо сэшIы:**

1. Джырэ технологиехэм атегъэпсыкIыгъэ медицинэ IэпыIэгъу ягъэгъотыгъэнымкIэ къэралыгъо пшъэрылъхэм ягъэцэкIэн хэлэжьэрэ медицинэ учреждениехэм сымаджэхэу агъэкIощтхэр къыхэзыхырэ комиссием хэтхэр гуадзэу N 1-м диштэу ухэсыгъэнэу.

2. Джырэ технологиехэм атегъэпсыкIыгъэ медицинэ IэпыIэгъу ягъэгъотыгъэнымкIэ къэралыгъо пшъэрылъхэм ягъэцэкIэн хэлэжьэрэ медицинэ учреждениехэм сымаджэхэу агъэкIощтхэр къыхэзыхырэ комиссием иIофшIэн зэрэзэхищэрэм ехьылIэгъэ положениер гуадзэу N 2-м диштэу ухэсыгъэнэу.

3. Муниципальнэ образованиеу «Къалэу Мыекъуапэ» псаунымгъэм икъэухъумэнкIэ ыкIи социальнэ программэхэмкIэ и ГъэIорышIапIэ ипащэ, муниципальнэ образованиеу «Мыекъопэ районым» псаунымгъэм икъэухъумэнкIэ и ГъэIорышIапIэ ипащэ, ЦРБ-м, ЦГБ-м яврач шъхьаIэхэм, республикэ ЛПУ-хэм яврач шъхьаIэхэм:

3.1. ИщыкIагъэу зыхъурэм джырэ технологиехэм атегъэпсыкIыгъэ медицинэ IэпыIэгъум фэныкъо сымаджэхэм яхьылIэгъэ къэбархэр (сымаджэм имедицинэ документацие къыхэтхыкIыгъэу ащ ипсаунымгъэ изытет, зэрауплъэкIугъэм ыкIи зэреIэзагъэхэм яхьылIэгъэ къэбархэр зэрытыр, джырэ технологиехэм атегъэпсыкIыгъэ медицинэ IэпыIэгъу медицинэ учреждением щырагъэгъотын зэрэфаемкIэ рекомендациехэр, клиникэ-диагностикэ уплъэкIунхэм якIэуххэр, Адыгэ Республикэм псаунымгъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэ штатым хэмыт испециалист шъхьаIэхэм якIэух зэфэхьысыжьхэр) тхьапэхэм атетэу ыкIи электронкэкIэ Адыгэ Республикэм псаунымгъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэ IэкIагъэхьанхэу.

3.2. Джырэ технологиехэм атегъэпсыкIыгъэ медицинэ IэпыIэгъу зищыкIэгъэ сымаджэхэм ярегистр изэхэгъэуцонкIэ, сымаджэхэм ямедицинэ документхэм Iоф адэшIэгъэнымкIэ пшъэдэкIыжь зыхьыхэрэр агъэнэфэнэу.

4. Адыгэ Республикэм псаунымгъэр къэухъумэгъэнымкIэ и Министерствэ 2009-рэ илъэсым жъоныгъуакIэм и 18-м ышIыгъэ унашъоу N 386-р зытетэу «Джырэ технологиехэм атегъэпсыкIыгъэ медицинэ IэпыIэгъу ягъэгъотыгъэным пае Урысые Федерацием игражданхэу Адыгэ Республикэм щыпсэухэрэр къэралыгъо пшъэрылъхэм ягъэцэкIэн хэлэжьэрэ медицинэ учреждениехэм зэрагъэкIорэ ыкIи ахэр къызэрэхахырэ шIыкIэм хэбзэ икъу хэлъхьэгъэным ехьылIагъ» зыфиIорэм кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу.

5. Мы унашъор зэрагъэцакIэрэм гъунэ лъысфынэу зыфэсэгъазэ.

**Адыгэ Республикэм псаунымгъэр**
**къэухъумэгъэнымкIэ иминистрэу**
**НАТХЪО Разыет**

къ. Мыекъуапэ,
мэзаем и 11, 2010-рэ илъэс
N 95

# Адыгэ Республикэм и Закон

## Муниципальнэ къулыкъушIэхэм классне чинхэр зэрафагъэшъошэрэ ыкIи ахэр къазэрафагъэнэрэ шIыкIэм ехьылIагъ

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2010-рэ илъэсым мэзаем и 17-м ыштагъ*

Муниципальнэ къулыкъушIэхэм классне чинхэр зэрафагъэшъуашэрэ, муниципальнэ къулыкъум инэмыкI IэнатIэ зыIухьэхэкIэ ыкIи муниципальнэ къулыкъум къызыIукIыжьхэкIэ ахэр къазэрафагъанэрэ шIыкIэр мы Законым къегъэнафэ.

**А 1-рэ статьяр. Муниципальнэ къулыкъушIэхэм яклассне чинхэр**

1. Муниципальнэ къулыкъушIэхэм мы къыкIэлъыкIорэ классне чинхэр Адыгэ Республикэм щафагъэшъуашэх:

| *Классне чинхэр* | *Муниципальнэ къулыкъум иIэнэтIэ купхэр* |
|---|---|
| Муниципальнэ къулыкъум исекретарэу я 3-рэ, я 2-рэ, а 1-рэ класс зиIэр | младшэ куп |
| Муниципальнэ къулыкъум иреферентэу я 3-рэ, я 2-рэ, а 1-рэ класс зиIэр | старшэ куп |
| Муниципальнэ къулыкъум иупчIэжьэгъоу я 3-рэ, я 2-рэ, а 1-рэ класс зиIэр | ведущэ куп |
| Муниципальнэ упчIэжьэгъоу я 3-рэ, я 2-рэ, а 1-рэ класс зиIэр | куп шъхьаI |
| Действительнэ муниципальнэ упчIэжьэгъоу я 3-рэ, я 2-рэ, а 1-рэ класс зиIэр | апшъэрэ куп |

2. Мы статьям иа 1-рэ Iахь къызэрэщытыгъэм диштэу классне чинхэр къызэкIэлъэкIох.

**Я 2-рэ статьяр. Муниципальнэ къулыкъушIэхэм классне чинхэр зэрафагъэшъуашэрэр**

1. Муниципальнэ къулыкъум иIэнатIэхэу аIыгъхэм адиштэу муниципальнэ къулыкъушIэхэм классне чинхэр афагъэшъуашэ.

2. Классне чиныр афагъэшъуашэ зыхьукIэ муниципальнэ къулыкъушIэм профессиональнэ ухьазырыныгъэу иIэр, ыпэкIэ классне чинэу иIагъэмкIэ муниципальнэ къулыкъур зэрихьыгъэ, муниципальнэ къулыкъум иIэнатIэ зэрэIутыгъэ уахътэр къыдалъытэ.

3. Муниципальнэ къулыкъум иIэнатIэхэм аIут муниципальнэ къулыкъушIэхэм квалификационнэ экзаменыр икIэуххэмкIэ классне чинхэр афагъэшъуашэ.

4. ПIэлъэ гъэнэфагъэкIэ зэдашIыгъэ зэзэгъыныгъэм (контрактым) диштэу муниципальнэ IэнатIэхэм аIут муниципальнэ къулыкъушIэхэм квалификационнэ экзаменхэр арамыгъэтхэу классне чинхэр афагъэшъуашэ.

5. Муниципальнэ къулыкъум иIэнатIэхэм якуп къыхиубытэрэ IэнатIэм Iуагъахьэу, муниципальнэ къулыкъушIэр иIэнатIэкIэ муниципальнэ къулыкъум зыщылъагъэкIуатэкIэ, муниципальнэ къулыкъум ахьынкIэ агъэнэфэгъэ пIалъэр имыкIызэ зичэзыу классне чин ащ къыфагъэшъошэн альэкIыщт муниципальнэ къулыкъум мы иIэнатIэ пае муниципальнэ къулыкъушIэм къыфагъэшъошэрэ классне чиным фэдэ е ащ нахь ин къыдэлъытагъэмэ.

6. Муниципальнэ къулыкъушIэм муниципальнэ къулыкъум иIэнэтIэ куп анахь иным хэхьэрэ IэнатIэ къызыфагъэшъуашэкIэ, зигугъу къэтшIыгъэ муниципальнэ къулыкъушIэм классне чинэу муниципальнэ къулыкъум иIэнатIэхэм мы якупкIэ апэрэу щытыр къыфагъэшъошэн алъэкIыщт а классне чиныр муниципальнэ къулыкъушIэм муниципальнэ къулыкъум классне чинэу щиIыгъым нахь ин зыхъукIэ. Ащ фэдэ лъэхъаным муниципальнэ къулыкъум иклассне чинэу ыпэкIэ иIагъэмкIэ муниципальнэ къулыкъур зэрихьыгъэ ильэс пчъагъэр къыдальытэрэп.

**Я 3-рэ статьяр. Муниципальнэ къулыкъушIэхэу Адыгэ Республикэм икъэралыгъо граждан къулыкъу иклассне чин зиIэхэм классне чинхэр зэрафагъэшъуашэрэр**

1. Адыгэ Республикэм икъэралыгъо граждан къулыкъу иклассне чин зиIэр муниципальнэ къулыкъум зыIухьэкIэ, муниципальнэ къулыкъум иапэрэ классне чин ащ къыфагъэшъуашэ муниципальнэ къулыкъум IэнатIэу ащ щиIыгъым диштэу. Мыщ дэжьым къыдалъытэ Адыгэ Республикэм икъэралыгъо граждан къулыкъу иклассне чинэу Адыгэ Республикэм икъэралыгъо граждан къулыкъу ыпэкIэ зыщихьыгъэ чIыпIэм муниципальнэ къулыкъушIэм къыщыратыгъэр. Муниципальнэ къулыкъум иклассне чинэу зигугъу къэтшIыгъэр Адыгэ Республикэм икъэралыгъо граждан къулыкъу иклассне чинэу муниципальнэ къулыкъушIэм иIэм нахь цIыкIу зыхъукIэ, муниципальнэ къулыкъум иIэнатIэу ащ ыIыгъым диштэрэ классне чиным нахьи зы чинкIэ нахь ин къыфагъэшъошэн алъэкIыщт.

2. Классне чиныр къафагъэшъуашэ зыхъукIэ Адыгэ Республикэм икъэралыгъо граждан къулыкъу иклассне чин зэряIэгъэ уахътэр зыфэдизыр къыдалъытэ.

3. Адыгэ Республикэм икъэралыгъо граждан къулыкъу иклассне чинхэр муниципальнэ къулыкъушIэхэм яклассне чинхэм зэрадиштэрэр мы Законым игуадзэу N 1-м тетэу агъэнафэ.

**Я 4-рэ статьяр. Апэрэ ыкIи зичэзыу классне чинхэр зэрафагъэшъуашэрэ шIыкIэр**

1. Классне чинэу афагъэшъуашэрэр апэрэн е зичэзыу классне чинэу щытын ылъэкIыщт.

2. Мы Законым ия 3-рэ статья иположениехэм адиштэу классне чин зимыIэ муниципальнэ къулыкъушIэм апэрэ классне чиныр фагъэшъуашэ.

3. Муниципальнэ къулыкъум иIэнатIэу муниципальнэ къулыкъушIэр зыIутым елъытыгъэу апэрэ классне чинэу щытых:

1) муниципальнэ къулыкъум иIэнатIэхэм ямладшэ купкIэ — муниципальнэ къулыкъум исекретарэу я 3-рэ класс зиIэр;

2) муниципальнэ къулыкъум иIэнатIэхэм ястаршэ купкIэ — муниципальнэ къулыкъум иреферентэу я 3-рэ класс зиIэр;

3) муниципальнэ къулыкъум иIэнатIэхэм яведущэ купкIэ — муниципальнэ къулыкъум иупчIэжьэгъоу я 3-рэ класс зиIэр;

4) муниципальнэ къулыкъум иIэнатIэхэм якуп шъхьаIэкIэ — муниципальнэ упчIэжьэгъоу я 3-рэ класс зиIэр;

5) муниципальнэ къулыкъум иIэнатIэхэм яапшъэрэ купкIэ — действительнэ муниципальнэ упчIэжьэгъоу я 3-рэ класс зиIэр.

4. Муниципальнэ къулыкъушIэм апэрэ классне чиныр зыфагъэшъуашэрэр ушэтынхэр, квалификационнэ экзаменыр гъэхьагъэ хэлъэу зикIухэкIэ ары, ушэтынхэр ыкIунхэу имыщыкIагъэмэ, муниципальнэ къулыкъушIэр муниципальнэ къулыкъум иIэнатIэ зыIухьэрэ нэуж мэзищ нахь макIэ темышIэу ары.

5. Муниципальнэ къулыкъушIэм зичэзыу классне чиныр къыфагъэшъуашэ муниципальнэ къулыкъумкIэ пIальэу щыIэр зикIыкIэ, муниципальнэ къулыкъум иIэнатIэу ар зыIутым пае муниципальнэ къулыкъушIэм къыфагъэшъошэрэ классне чиным фэдэ е ащ нахь ин къыдэлъытагъэмэ.

6. Апэрэ ыкIи зичэзыу классне чинхэр афагъэшъуашэхэрэп дисциплинарнэ пшъэдэкIыжь зэрагъэхьыгъэ, якъулыкъуукIэ уплъэкIунхэр зэрашIылIэрэ, уголовнэ Iоф къызыфаIэтыгъэ муниципальнэ къулыкъушIэхэм.

**Я 5-рэ статьяр. Классне чинэу къафагъэшъошагъэмкIэ муниципальнэ къулыкъур зэрахьырэ пIалъэхэр**

1. Классне чинэу къафагъэшъошагъэхэмкIэ муниципальнэ къулыкъур мыщ фэдиз пIалъэкIэ ахьы:

1) муниципальнэ къулыкъум исекретарэу я 3-рэ, я 2-рэ класс зиIэм, муниципальнэ къулыкъум иреферентэу я 3-рэ, я 2-рэ класс зиIэм иклассне чинхэмкIэ зы илъэс нахь мымакIэу;

2) муниципальнэ къулыкъум иупчIэжьэгъоу я 3-рэ, я 2-рэ класс зиIэм, муниципальнэ упчIэжьэгъоу я 3-рэ, я 2-рэ класс зиIэм иклассне чинхэмкIэ — илъэситIум нахь мымакIэу;

3) действительнэ муниципальнэ упчIэжьэгъоу я 3-рэ, я 2-рэ класс зиIэм иклассне чинхэмкIэ — зы илъэс нахь мымакIэу.

2. Муниципальнэ къулыкъум исекретарэу а 1-рэ класс зиIэм, муниципальнэ къулыкъум иреферентэу а 1-рэ класс зиIэм, муниципальнэ къулыкъум иупчIэжьэгъоу а 1-рэ класс зиIэм ыкIи муниципальнэ упчIэжьэгъоу а 1-рэ класс зиIэм иклассне чинхэмкIэ муниципальнэ къулыкъур зэрихьыщт пIалъэр агъэнафэрэп.

3. Классне чинэу къафагъэшъошагъэмкIэ муниципальнэ къулыкъур аублэ муниципальнэ къулыкъушIэм классне чиныр къызыфагъэшъошэгъэ мафэм щегъэжьагъэу.

**Я 6-рэ статьяр. Классне чинхэр къазэрафагъэшъуашэхэрэм яхьылIэгъэ унашъохэр зэраштэрэ шIыкIэр**

1. Муниципальнэ къулыкъушIэм классне чиныр зэрэфагъэшъуашэрэм ехьылIэгъэ унашъор зыштэрэр IофшIапIэр язытырэм илIыкIу ары. Мыщ фэдэ унашъом фэгъэхьыгъэу муниципальнэ правовой акт зэхагъэуцо.

2. Классне чин къызэрэфагъэшъошагъэр муниципальнэ къулыкъушIэм иличнэ делорэ итрудовой книжкэрэ адатхэ.

**Я 7-рэ статьяр. Муниципальнэ къулыкъум гъэхъагъэхэр зэрэщашIырэм пае классне чин зэрафагъэшъуашэрэр**

Муниципальнэ къулыкъум гъэхъагъэхэр зэрэщишIырэм пае классне чин муниципальнэ къулыкъушIэм къыфагъэшъошэн алъэкIыщт:

1) классне чин гъэнэфагъэмкIэ муниципальнэ къулыкъур зэрихьын фэе пIалъэр имыкIызэ ау муниципальнэ къулыкъум иIэнатIэ мэзих нахь макIэ Iумытыгъэу — муниципальнэ къулыкъум иIэнатIэхэм мы якуп диштэрэ классне чиным мынахь лъагэу;

2) классне чинымкIэ муниципальнэ къулыкъум пае агъэнэфэгъэ пIалъэр зикIыкIэ, муниципальнэ къулыкъум иIэнатIэу зыIутым телъытэгъэ классне чиным зыкIэ нахь лъагэу.

**Я 8-рэ статьяр. Къафагъэшъошэгъэ классне чиныр къазыфагъанэрэр**

Муниципальнэ къулыкъушIэхэм классне чинэу къафагъэшъошагъэхэр къафэнэжьых муниципальнэ къулыкъум инэмыкI IэнатIэ загъакIохэкIэ, муниципальнэ къулыкъум къызыIуагъэкIыкIэ (къэралыгъо пенсием мыхэр зэрэкIохэрэри мыщ къыхиубытэу), джащ фэдэу икIэрыкIэу муниципальнэ къулыкъум ахэр зыIухьажьхэкIэ.

**Я 9-рэ статьяр. Классне чинхэмрэ квалификационнэ разрядхэмрэ зэрэзэдиштэхэрэр**

Адыгэ Республикэм и Законэу «Адыгэ Республикэм имуниципальнэ къулыкъу ехьылIагъ» зыфиIорэм ия 8-рэ статья диштэу муниципальнэ къулыкъушIэхэм къафагъэшъошэгъэ квалификационнэ разрядхэр мы Законым игуадзэу N 2-м тетэу муниципальнэ къулыкъушIэхэм яклассне чинхэм адиштэхэу алъытэх.

**Я 10-рэ статьяр. Мы Законым кIуачIэ иIэ зыхъурэр**

Официальнэу къызыхаутырэ мафэм щегъэжьагъэу мы Законым кIуачIэ иIэ мэхъу.

**Адыгэ Республикэм и Президентэу ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан**

къ. Мыекъуапэ,
мэзаем и 25-рэ, 2010-рэ илъэс
N 321

ТекIоныгъэм ия 65-рэ илъэс ипэгъокI

# Тырэгушхо, тэгъэлъапIэ

Хэгъэгу зэошхом хэлэжьагъэу, IофшIэным иветеранэу, отставкэм щыIэ подполковникэу Гъомлэшк Заурбэч бэшIагъэ зысшIэрэр. Ар непэ Мыекъуапэ щэпсэу. Ау ипсауныгъэ зэрэзэщыкъуагъэм къыхэкIэу, урамым къытехьаным иIоф тетэп. Шъыпкъэ, изэхэшIыкIи, иакъыли къащыкIагъэп, ныбжь шIукIае зэриIэм емылъытыгъэу, удэгущыIэщтми, къыбдэгущыIэщтми цIыф шIагъу. Непэ, гъэтхапэм и 18-м, ащ ыныбжь илъэс 90-рэ мэхъу.

Заурбэч Теуцожь районым щыщ къуаджэу Нэчэрэзые къыщыхъугъ. Мы чылэм ублэпIэ еджапIэр къыщиухи, ащ пыдзагъэу Пэнэжькъуае дэт гурыт еджапIэм чIэхьагъ. А лъэхъаным Нэчэрэзые лъэсэу икIыхэти, пчэдыжь къэс район гупчэм еджакIохэр кIощтыгъэх. Ар псынкIэгъуагъэп, арэу щытыгъэми, гурыт еджапIэр къэзыухыгъэхэм Заурбэч ащыщыгъ. А илъэсхэм ублэпIэ еджапIэхэм икъоу кIэлэегъаджэхэр зэраIумытыгъэм къыхэкIэу гурыт еджапIэр къэзыухыгъэ ныбжьыкIэхэр Мыекъуапэ агъакIохэти, курс кIэкIэу зэхащагъэхэм ащырагъаджэщтыгъэх, етIанэ ублэпIэ еджапIэхэм кIэлэегъаджэу аIуагъахьэщтыгъэх. Ащ фэдэхэм ахэфагъ Заурбэчи. КIэлэегъэджэ ныбжьыкIэр Нэчэрэзые ублэпIэ еджапIэм къагъэкIожьыгъ.

Ау а сэнэхьатым бэрэ рылэжьагъэп. Дзэ Плъыжьыр къеджи, ащ ащагъ, дзэкIолI хъугъэ. Заурбэч Грузием къулыкъур щыригъэжьагъ. Связистэу къалэу Душети дэсыгъ. ДэхэкIаеу дзэм хэзэгъагъэу, отпуск къыратынышъ, ядэжь къэкIонэу зигъэхьазырызэ, дунаир къэбырсырыгъ. Заор къежьагъ, нэмыцхэр тихэгъэгу къытебэнагъэх. Аущтэу Iофыр зэхъум къалэу Тбилиси дэт артиллерие училищым кIэлакIэр чIагъэхьагъ. Программэ гъэкIэкIыгъэм тетэу ар къыухи, лейтенантэу къычIатIупщыгъ.

Офицер ныбжьыкIэр Темыр-Кавказ фронтым агъэкIуагъ. Краснодар краим ит станицэу Крымскэм (джы къалэу Крымск) пэгъунэгъоу щыIэ фронт линием къыщыуцугъ. Чыжьэу зэрамыщагъэм, Краснодар краим къызэрифагъэм рыгушхоу артиллерист ныбжьыкIэр дзэм хэтыгъ.

1943-рэ илъэсым икIымафэ мы чIыпIэм зэо хьылъэхэр щыкIуагъэх. Станицэр нэмыцхэм аIыгъыгъ. Пый мэхъаджэм шIоу ащ зыщигъэпытагъэу, къежьэн къодыеу щытыгъ. Фашистхэм яборонэ пхыритхъун фаеу пшъэрылъ зыфашIыгъагъэр я 56-рэ Армиеу артиллерие полкыр зыхахьэщтыгъэр ары. А полкым Гъомлэшкыр хэтыгъ. Сыдэу щытми, дзитIур зэхэуагъэ, бгъуитIумкIи чIэнагъэхэр яIагъэми, тидзэхэр нахь лъэшэу къычIэкIыгъ. Станицэу Крымскэм нэмыцхэр дафыжьыгъэх, оборонэр пхыратхъуи, пыир зэкIафагъ. Гъунэгъу селоу Молдавановскэр, станицэу Гостагаевскэр, поселкэхэу Верхний Адагум, Нижнебаканскэр, Верхнебаканскэр, нэмыкIхэри шъхьафит зышIыжьыгъэхэм ахэтыгъ. Адыгэ кIалэр зипэщэ топгъаохэм пыир хьалэчым кIагъэкIыгъ. Темыр-Кавказ фронтым ипащэхэм ацIэкIэ артиллерист ныбжьыкIэм щытхъу грамотэ къыратыгъ, медалэу «За боевые заслуги» зыфиIорэр къыфагъэшъошагъ. Ежь ыIэ илъыгъэ топгъаохэм ащыщхэми боевой наградэхэр абгъэхэм къахалъхьагъ.

Заурбэч заом къыщихьыгъэу фэшъхьаф боевой наградэхэри иIэх. Къалэу Калинин (джы Тверь) шъхьафит шIыжьыгъэным пае ашIыгъэ заом къыкIэкIуагъэу — Хэгъэгу зэошхом иорденэу я II-рэ степень зиIэр, ащ ыуж къалэу Ржев пыим къыIэкIахыжьы зэхъум лIыгъэу зэрихьагъэм пае Жъогъо Плъыжьым иорден къыфагъэшъошагъэх.



1945-рэ илъэсым имэлылъфэгъу мазэ фашистхэм яхэшыпыкIыгъэ дзэхэм нэмыц къалэу Штеград ыкIи ащ пэблэгъэ чIыпIэхэр пхъашэу къагъэгъунэщтыгъэх. А чIыпIэм щызэхэугъоегъэ дзэхэм язэхэгъэтэкъонрэ язэкIэфэнрэкIэ анахьэу къахэщыгъэхэм ащыщыгъэх артиллеристхэр. ДзэкIолIхэу, офицерхэу артиллерие полкым хэтыгъэхэм ащыщыбэхэм орденхэмрэ медальхэмрэ къаратыгъэх. Ахэм ахагъэфагъ офицер ныбжьыкIэу Гъомлэшкыри. Къыфагъэшъошагъ ащ Хэгъэгу зэошхом иорденэу а I-рэ степень зиIэр.

Къалэхэу Шпандау ыкIи Потсдам тидзэхэм заштэхэм, артиллеристхэм яIахьэу халъхьагъэри командованием хигъэунэфыкIыгъ. ЛIыгъэрэ блэнагъэрэ зезыхьэгъэ зэолIкуп боевой наградэхэр къаратыгъ. Ахэм зэу ащыщыгъ Гъомлэшкыри. Полкым ыпашъхьэ рагъэуцуи, Жъогъо Плъыжьым иорден ащ ыбгъэ къыхалъхьагъ. Джаущтэу Заурбэч заом къыщихьыгъ ордениплI.

1985-рэ илъэсым, ТекIоныгъэм ия 40-рэ илъэс ехъулIэу, заом хэлэжьагъэхэм Хэгъэгу зэошхом иорден зырыз араты зэхъум, ятфэнэрэ орденыр къыфагъэшъошагъ Заурбэч. А орденитфым фэшъхьафэу отставкэм щыIэ подполковникым иIэх медальхэу «За боевые заслуги», «За взятие Берлина», «За оборону Кавказа», «За победу над Германией» зыфиIохэрэр, юбилей медаль зэфэшъхьафхэр.

Заор зэраухыгъэм фэгъэхьыгъэ капитуляцием иакт нэмыц командованиер къызыкIэтхэм, я 185-рэ шхончэо дивизиеу Заурбэч зыхэтыгъэ полкыр зыхахьэщтыгъэр Берлин игъунэгъу къалэу Ваттенберг дэтыгъ. Ветераным къызэриIотэжьырэмкIэ, дзэкIолIи, офицери шъхьадж ыIыгъ IашэмкIэ салют атыгъ. ДзэкIолIхэр гушIом хэтхэу гъыщтыгъэх, насыпышIуагъэу зыфалъэгъужьыщтыгъэ псаоу къызэрэнагъэхэр.

Хэгъэгу зэошхор заухым, Заурбэч илъэси 10 етIани дзэм къулыкъу щихьыгъ. Артиллерием хэтэу батареем ипащэ игуадзэу, нэужым ипащэу щытыгъ. Ащ ыуж сэнэхьатхэм защыхагъэхьорэ курсхэм агъакIуи, къалэу Ленинград щеджагъ. Германием къулыкъур зыщехь нэужь Темыр-Кавказ дзэ округым, къалэу Волгоград къагъэкIуагъ. Дзэм къызхэкIыжьым иунэ МыекъуапэкIэ ыхьожьи, ащ тетэу Адыгеим къыгъэзэжьыгъ. ПивэшI заводым IофшIэныр щыригъэжьагъ. Экспедиторэу снабжениемкIэ отделым Iутыгъ. Iоф зэришIэзэ, бухгалтерэу еджагъ. 1963 — 1975-рэ илъэсхэм заводым ибухгалтер шъхьэIагъ. Мы предприятием Заурбэч специалист IэпэIасэу зыкъыщигъэлъэгъуагъ. Iоф зыдишIэхэрэм агурыIоу, лъытэныгъэ ин къыфашIэу Iутыгъ. Ащ ыуж гъомылэпхъэшI предприятиехэм я Адыгэ хэку объединение бухгалтер шъхьаIэу 1980-рэ илъэсым нэс Iоф щишIагъ. Джа уахътэм щегъэжьагъэу ары фронтовикыр пенсионер зыхъугъэр, ау тIысыжьыгъэп, бухгалтер-ревизорэу Iоф ышIагъ. 1985-рэ илъэсым предприятием къыIукIыжьыгъэу зегъэпсэфы.

Заурбэч ветеранхэм якъэлэ ыкIи яреспубликэ советхэм бэрэ къачIахьэу ихэбзагъ. ЦIыф зэхахьэхэр, зэIукIэхэр блигъэкIыщтыгъэхэп. Иавтомобиль цIыкIукIэ къалэр къызэпичъыхьэщтыгъэ. Ячыли бэрэ кIощтыгъэ.

Заомрэ IофшIэнымрэ яветеран Iоф ешIэфэ щысэтехыпIэу, специалист IэпэIасэу, цIыфыгъэшхорэ культурэ инрэ хэлъэу зыкъызэригъэлъэгъуагъэр Iоф дэзышIагъэхэм агу къэкIыжь зэпыт. ЗыIутыгъэ IофшIапIэхэм япащэхэм ащ фэдэ цIыф шIагъор ащыгъупшагъэп. Краснодар краим ыкIи Адыгэ автоном хэкум яапшъэрэ органхэм ацIэкIэ мызэу, мытIоу щытхъу грамотэхэр къыфагъэшъошагъэхэу иIэх.

Лъытэныгъэ ин зыфэтIэу, тилъапIэу Заурбэч Чатибэ ыкъор! Укъызыхъугъэ мафэр тэгъэлъапIэ, илъэс 90-рэ узэрэхъугъэмкIэ тыпфэгушIо! Ветеранхэм я Адыгэ республикэ Совет ыцIэкIэ тыпфэлъаIо уипсауныгъэ къызэтеуцожьынэу, бэрэ укъытхэтынэу, унасыпышIонэу. ТекIоныгъэм ия 65-рэ илъэсэу къэблагъэрэм хъяркIэ упэгъокIынэу пфэтэIо.

*ШЫМЫГЪЭХЪУ Мурат.*

Сурэтым итыр: **Гъомлэшк Заурбэч.**

Культурэр

# Ягуапэу зэIокIэх

Тилъэпкъ щыщ купышIу Краснодар краим ит адыгэ къоджищымэ ащэпсэу. Ахэр Успенскэ районымрэ къалэу Ермэлхьаблэрэ адэсых. Тазыфагу илъыр километрищэм тIэкIу ехъу къодыеми, бэрэ тызэлъыIэсэу, тызэхахьэу, тигушIуагъуи, тигумэкIи зэдэдгощэу щытэп. Ащ къыхэкIэу, муниципальнэ шIыкIэм тетэу гъэпсыгъэхэ «Успенскэ районымрэ» «Къалэу Ермэлхьаблэрэ» адыгэ культурэм имафэхэр апэрэу зэрацыкIощтхэр цIыфыбэм ягуапэ хъугъэ.

ИкIыгъэ илъэсым, бжыхьэм, Ермэлхьаблэ щызэхэщэгъэ Адыгэ Хасэм изэхэсыгъо горэм тыхэлажьэзэ, адыгэлIэу къыткIэрыхьагъэм къытиIогъагъ:

— Сыдэу дэгъоу шъукъэкIуагъа! ТыкъышъуфэлIэ, шъузыхэтлъхьан щыIэп. Адыгэ Республикэм щыхъурэ-щышIэрэр зэзгъэшIэным пае, Мыекъуапэ къакIорэ сапэ къыфэмэ, селъэIушъ, «Адыгэ макъэр» къыздесэгъэхы.

Адыгэ Республикэмрэ Краснодар краимрэ зэдашIыгъэ зэзэгъыныгъэм къызэрэдилъытэу, культурэм иIофышIэхэр адыгэ къуаджэхэм ащыпсэурэ цIыфхэм адэжь кIонхэу Адыгеим унашъо зыщаштэм, а гущыIэхэр джыри сыгу къэкIыжьыгъэх.

Гъэтхапэм и 22 — 26-рэ мафэхэм Успенскэ районым адыгэ орэдхэр щыIущтых, адыгэ къашъохэр къыщашIыщтых, ЛIыбзыу Аслъан ипщынэ макъэ щыжьынчыщт. Джащ фэдэу, къоджэдэсхэм ыкIи къэлэдэсхэм къафатыщт концертхэм «Ислъамыер», «Налмэсыр», кIэлэцIыкIу къэшъокIо ансамблэу «Нэфыр» ахэлэжьэщтых.

ЦIыфхэр лъэпкъ культурэм и Гупчэ, Лъэпкъ музеим, ООО-у «Нанэм», Арт-мастерскоеу «Ди-Эм-Эй» зыфиIорэм агъэхьазырыгъэ къэгъэлъэгъонхэми яплъыщтых.

«Нэфым» икъэшъокIо ныбжьыкIэхэр адыгэ унагъохэм мэфитфым ахэсыщтых. Сабыйхэр нэIуасэ зэфэхъущтых, зэрэшIэщтых, тапэкIэ нахь зэлъыIэсыхэ хъущтых.

ЗэIукIэгъухэм бгъуитIури яжэх.

*ШЪАУКЪО Аслъангуащ.*

ТЕКIОНЫГЪЭМ ия 65-рэ ИЛЪЭС ИПЭГЪОКI

# ЛIыгъэр, кIуачIэр щапсыхьэх

**Хэгъэгу зэошхом ТекIоныгъэр къызыщыдахыгъэр илъэс 65-рэ зэрэхъурэм, гъот макIэ зиIэ ыкIи зипсауныгъэ пыч фэхъугъэ ныбжьыкIэхэм IэпыIэгъу афэхъугъэным афэгъэхьыгъэ зэIукIэгъу гъэшIэгъон Мыекъуапэ щыкIуагъ. Спортым иветеранэу Юрий Лысей ыцIэкIэ агъэнэфэгъэ шIухьафтынмэ якъыдэхынкIэ кIэлэеджакIохэм Iэпшъэ зэбэнынымкIэ (армспортымкIэ) язэнэкъокъухэр зэхащагъэх.**

Мыекъуапэ ия 2-рэ гурыт еджапIэрэ панкратионымкIэ ыкIи шъхьэзэкъо зэбэнынымкIэ АР-м ифедерациерэ Iофтхьабзэр зэхащагъ. Къалэм ия 2-рэ гурыт еджапIэ зэнэкъокъур зэрэщыкIуагъэм ошIэ-дэмышIэ Iоф хэлъэп. НыбжьыкIэхэм явоеннэ-патриотическэ, интернациональнэ пIуныгъэ лъэхъаным диштэу зэхэщэгъэным фэшI физкультурэмрэ спортымрэ IэубытыпIэшIу ашIы. ЦIыф цIэрыIохэм кIэлэеджакIохэр аIуагъакIэх.

Мыекъуапэ ия 2-рэ гурыт еджапIэ идиректорэу Тыгъужъ Татьянэ зэхахьэм къыщиIуагъ кIэлэеджакIохэм гъэрет яIэу, шэн-хэбзэшIухэр щыIэныгъэм щызэрахьэхэу пIугъэнхэм фэшI ны-тыхэмрэ еджапIэмрэ зэгъусэхэу зэрэзэдэлажьэхэрэр. НыбжьыкIэхэм лIыгъэ зэрахьаным, дзэм къулыкъур щахьыным, мамырныгъэр къаухъумэным афэшI гушъхьэ кIуачIэ ахэлъын фае.

АР-м иапэрэ Президентэу Джарымэ Аслъанрэ Юрий Лысейрэ зэнэIуасэх. А.Джарымэм щыIэныгъэм къыхэхыгъэ къэбар гъэшIэгъонхэм кIэлэеджакIохэр ащигъэгъозагъэх.

— Юрий Лысей сэкъатныгъэ иIэми, гъогу чыжьэ техьаным тещыныхьэрэп. Хэгъэгу ыкIи дунэе зэнэкъокъухэм ахэлажьэзэ, АР-м медальхэр къыфехьых, къинхэр зэпичынхэ елъэкIы. Гушхо зиIэ цIыф лъэшэу Ю. Лысей щыт.





НыбжьыкIэхэр спортым, щыIэныгъэм фэзыгъасэрэмэ ащыщ Къэлэшъэо Аскэрбый. Ю. Лысей фэгъэхьыгъэ зэнэкъокъухэу тыкъызытегущыIэрэмэ ар зэхэщакIо афэхъугъ. КIалэхэм пэшIорыгъэшъэу армспортымкIэ яухьазырыныгъэ ауплъэкIугъ. Анахь лъэшхэр гурыт еджапIэм тыгъуасэ щызэнэкъокъугъэх. ЗэIукIэгъумэ яплъыгъ, кIалэмэ гущыIэгъу афэхъугъ АР-м ныбжьыкIэ Iофхэмкіэ и Комитет итхьаматэу Къэрэтэбэнэ Мыхьамодэ.

Iэпшъэ зэбэнынымкIэ апэрэ чIыпIэр Самвел Маркосян къыдихыгъ. Александр Авдеевыр ятIонэрэ хъугъэ, ЛIэхъусэжъ Руслъанэ ящэнэрэ чIыпIэр фагъэшъошагъ. Пэрэныкъо Анзор хагъэунэфыкIырэ чIыпIэмэ ащыщ къыдимыхыгъэми, бэкIэ ежь нахь онтэгъухэм зэрянэкъокъугъэр шIукIэ фэтэлъэгъу.

Спортым цIыфым ыкIуачIи, ишэн-гъэпсыкIэхэри зэригъэпытэхэрэм имызакъоу, лъэпкъхэри зэфещэх. Адыгеим иапэрэ Президентыгъэу Джарымэ Аслъанрэ Юрий Лысейрэ ныбджэгъу зэнэкъокъоу армспортымкIэ яIагъэр зэфэдэу аухыгъ. ЗэIукIэгъум ыуж кIалэхэри, пшъашъэхэри Iэпшъэ зэбэнынымкIэ ашIогъэшIэгъонэу зэнэкъокъугъэх. Клубэу ныбжьыкIэмэ адэлажьэрэм ыцIэкIэ Владислав Новарчук зэхэщакIомэ къафэгушIуагъ. ТекIоныгъэр къыдэзыхыгъэмэ медальхэр, щытхъу тхылъхэр аратыжьыгъэх.

*Сурэтхэр зэIукIэм къыщытырахыгъэх.*

Баскетбол

# ЛъэныкъуитIумкIи федэу щыт

**КIэлэцIыкIухэмрэ ныбжьыкIэхэмрэ спортым хэщэгъэнхэм фэшI зэнэкъокъу гъэшIэгъонхэм купхэр зэрахэлажьэхэрэм зыкъегъэшъыпкъэжьы. Урысые Федерацием мэшIоку гъогухэмкIэ икъулыкъушIэхэм баскетболымкIэ зэхащэгъэ зэIукIэгъухэм кIэлэеджэкIо командэхэр ахэлажьэх.**

Адыгэ Республикэм щыкIогъэ зэнэкъокъухэм ухьазырыныгъэ дэгъу къащигъэлъэгъуагъ Щынджые гурыт еджапIэм икомандэ. Аужырэ илъэсхэм къуаджэм ибаскетболистхэм республикэм апэрэ чIыпIэр заулэрэ къыщыдахыгъ. КIэух ешIэгъоу Мыекъуапэ щырягъэр къалэм ибаскетболистхэу Юрий Бойко зипащэхэм ахьыгъэми, финалым Щынджые икомандэ щешIэн фаеу зэхэщакIомэ алъытагъ.

АР-м гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэкIэ и Министерствэ и СДЮСШОР идиректорэу ХьакIэмызэ Аслъан зэрилъытэрэмкIэ, къоджэ спортым нахь зиушъомбгъуным пае Урысыем изэнэкъокъухэм кIэлэеджакIохэр зэрахэлажьэхэрэм чIыпIэ пащэхэм мэхьанэу ратырэм зыкъемыгъэIэтыгъэ хъущтэп. Зэпхыныгъэу федеральнэ къулыкъушIэмэ адыряIэхэр нахь агъэпытэу аублагъэшъ, гугъэу тиIэм хэхьо.

Хэгъэгум мэшIоку гъогухэмкIэ икъулыкъушIэхэм яIэшъхьэтетхэр кIэщакIо зыфэхъугъэхэ зэнэкъокъухэр гъэшIэгъонэу илъэс къэс макIох. Анахь дэгъоу ешIэрэ командэхэм спорт шъуашэхэр къафащэфых. «Урысыем имэшIоку гъогухэр» ыIоу зытетхэгъэ майкэхэр ащыгъэу кIалэхэр баскетбол рагъашIэх.

Тренерэу С. Трахъор япащэу Щынджые ибаскетболистхэр Краснодар щызэхащэрэ кIэух зэнэкъокъухэм ахэлэжьэщтых. Мыекъуапэрэ Щынджыерэ ябаскетбол командэхэр зызэдешIэхэм, нэпэеплъ сурэтхэр атырахыгъэх, спортым зэфищэгъэ ныбжьыкIэхэр нэIуасэ зэфэхъугъэх.

Гъэхъагъэ зышIыгъэ баскетболистхэм къоджэ физкультурникхэр акIырэплъых, щысэ зытырахыхэрэр упчIэжьэгъу ашIых.



Сурэтым итхэр: **Мыекъуапэрэ Щынджыерэ ябаскетбол командэхэу хэгъэгу зэнэкъокъумэ ахэлажьэхэрэр.**

*НэкIубгъом итхэр зыгъэхьазырыгъэр ЕМТIЫЛЪ Нурбый.*

Адыгэ республикэ институтэу гуманитар ушэтынхэм апылъым гухэкIышхо щыхъоу макъэ къегъэIу институтым инаучнэ IофышIэщтыгъэу ЛIыхэсэ Беназик Хьисэ ыкъор зэрэщымыIэжьымкIэ. Институтым иIофышIэхэр щымыIэжьым иIахьылхэм афэтхьаусыхэх.

**Зэхэзыщагъэхэр:** Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэр, иминистрэхэм я Кабинет

**КъыдэзыгъэкIырэр:** Адыгэ Республикэм лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ и Комитет Адресыр: ур.Крестьянскэр, 236

**Редактор шъхьаIэр**

**ДЭРБЭ ТИМУР**

**Редакциер зыдэщыIэр:** 385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Первомайскэр, 197.

**Телефонхэр:** приемнэр: 52-16-79, редактор шъхьаIэм иапэрэ гуадзэр: 52-49-44, редактор гуадзэр-пшъэдэкIыжь зыхьырэ секретарыр: 52-16-77.

**E-mail: adygvoice@mail.ru**

**Зыщаушыхьатыгъэр:** Урысые Федерацием хэутын IофхэмкIэ, телерадиокъэтынхэмкIэ ыкIи зэлъыIэсыкIэ амалхэмкIэ и Министерствэ и Темыр-Кавказ чIыпIэ гъэIорышIапI, зэраушыхьатыгъэ номерыр **ПИ №10-3892**

Гъэзетым къыхиутыхэрэм мышъыпкъагъэу къахафэхэрэмкIэ къэзытхыгъэхэм пшъэдэкIыжь ахьы. Къатхэхэрэмрэ гъэзетым щылажьэхэрэмрэ яеплъыкIэ зэтемыфэн ылъэкIыщт. Гъэзетеджэхэм къытфагъэхьырэ тхыгъэхэр зэхэтфыхэрэп ыкIи къэзытхыгъэхэм аIэкIэдгъэхьажьыхэрэп.

**Зыщыхаутырэр** ОАО-у «Полиграф-ЮГ», 385000, къ. Мыекъуапэ, ур. Пионерскэр, 268

**Пчъагъэр 6411**
**Индексхэр 52161 52162**
**Зак. 718**

Хэутыным узщыкIэтхэнэу щыт уахътэр Сыхьатыр 18.00
ЗыщыкIэтхэгъэхэ уахътэр Сыхьатыр 18.00